ФИФЕ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

АДЫГЭ ХЕКІЫНЫ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№180 (21.338) ● 2008 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 13, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

●Дыгъуасэ

КъБКъУ-м и студентхэр МКъУ-м макІуэ

КъБР-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщІ Къэжэр Альберт яІушІащ КъБКъУ-м и студенту МКъУ-м щІэтІысхьэ ныбжьыщІэхэмрэ абыхъм я адэ-анэхэмрэ.

КъБР-м и Правительствэмрэ Москва Къэрал университетымрэ зэращІылІа зэгухэгъуэныгъэм ипкъ иткІэ, мы гъэм МКъУ-м щІотІысхьэ КъБКъУ-м етІуанэ, ещанэ курсхэр къыщыхэуха ныбжьыщІэ зэчиифІэхэр. Дэ университетым фІы дыдэу щеджэ, къалащхьэм дэт университетым щІэтІысхьэну жэрдэм зиІэ студентхэм ящыщу республикэ аттестационнэ комиссэм къыхихахэрщ сдежапІэ нэхъыщхьэм щІэтІысхьахэр. А щыхУ 16-р пщІэншэу еджэнущ, общежитиум щІэсынущ.

- Фэ зэрыфщІэщи, иджыпсту республикэм мыхьэнэшхуэ зиІэ Іэухугъэу куэд щокІуэкІ егъэджэныгъэ ухуэкІэр иджырей мардэхэм изагъэу щытыныжмкІэ. Абыхэм ящыщщ КъБР-м и Президентым къыхилъхьа Іэухуэщіэри (КъБР-м и Правительствэм МКъУ-м зэгурыІуэныгъэ ирищІылІэу, ди студентхэр абы щегъэджэныр), - жиІащ Къэжэр Альберт. - Абы ирикъ иткІэ, МКъУ-м ПысыпІэ 17 къыхэунгъэлъэгъуати, щыхУ 16 къыхэтхаУ догъакІуэ. Фэ къывгурыІуэну сыхуейщ Москва щІэныгъэ ныхьыщхьэ щызэвгъэгъуэтыныр фи насып къихьа къудейуэ щымыту, абы жэуаплныгъэ ин зэрыпытыри къывгурыІуэну. 2008 гъэм япэу едгъэжьа Іуэхум и псыпэр єзышажьэр фрэши, фи еджэныгъэм нэмыщІ щыхУ зэпІэзэгъуэ зыкъзэвгъэлъэгъуэн хуейщ, фи ужь нувэнухэм гулытэ къыхущІын папщІэ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іи къуэдзэ ДышэкІ Мадинэ къызэхуэса студентхэм ехъуэхъуащ икІи адрей хэгъуэгъэм икІахэм, езы Москва я студентхэм нэхърэ нэхъ Іейуэ зыкъамыгъэлъэгъуэну зэрыщыгугъыр жиІащ. Кавказым, Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрикІар, фІыуэ зэреджэм нэмысщІи, я хьэл-щэным, дуней тетыкІэм кІэлъыплъыжьи, Іэщ Іагъэлі хьэзыру КъБР-м къагъэзэжу республикэм и зыужьныгъэм хуэлэжьэн зэрыхуейр зыщамыгъэгъупщэну елъэІуащ абы-хэм ДышэкІ Мадинэ.

ЗІУщІэм и кІэухым адэ-анэхэм, ныбжьыщІэхэм я упщІэхэм жэуап къэтащ Къэжэр Альберт. Апхуэдэуи къызэхуэсахэм фІыщІэ псалъэкІэ зыхуагъэзащ республикэм и Іэтащхьэхэм, КъБКъУ-м и ректорым.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

●Пщіэ

Тыгъэ лъапІэхэр къыхуагъэфащэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Суд Нэхъыщхьэм и Унафэщ, Урысей Федерацэм щыхь зиІэ и юрист Мер Юрий Хьэлид и къуэм къыхуагъэфэщащ «Урысей Федерацэм и суд Іэнатіэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» медалым и II нагъыщэмрэ «И егугъуныгъэм папщІэ» дамыгъэм и I нагъыщэмрэ.

Ведомствэм и тыгъэ лъапІэхэр абы кьратащ къулыкъукІэ къыпэщыт кьалэнхэр илъэс куэд лъандэрэ щапхъэ зытрахым хуэдэу зэригъэзащІэм, суд системэм зегъэужьыным кьаруушхуэ зэрырихьэлІам, жэрдэм зэрыхэлъым, апхуэдэу езыр зыпэрыт Іэнатіэм екъулІэныгъэхэр зэрыщІэм папщІэ.

УФ-м и Генеральнэ прокуратурэм Следствиемкіэ и комитетым и Іуэхущіапіэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ, юстицэм 3-нэ класс зиІэ и къэрал чэнджэщзэгъу Устэ Валерий хэль зэфІэкІымрэ кьалэн хэхахэр нэгъэсауэ зэрригъэзэщІамрэ кьаІыпІэри, «Хахуагъэрэ лІыгъэрэ» медалыр къыхуагъэфэщащ.

Апхуэдэ наградэ лъапІэр абы кьратащ Кавказ Ищхьэрэм и следователь гупым яхэту тхьэмахутІкІэ Цхинвал щыІэжьауэ къэкІуэжа ныжь. Мы дамыгъэр Устэ Валерий иджы зыІут Іэнатіэм къыщыхуагъэфэща ещанэ наградэщ. Нэхъ ипэкІэ абы кьратащ УФ-м и прокуратурэм Следствиемкіэ и комитетым щыІэ зиІэ и лэжьакІуэ» бгъэхэІу дамыгъэр, «Хахуагъэрэ лІыгъэрэ» псалъэхэр зытетха фэеплъ кІэрахьуэ.

Дыгъуасэрей тай-брейкым паІуэ къыщІащ чемпионатым и кІэух джэгуГъуэм Костеюк Александрэ къыщрывнырр хэтмн. Ар китаянкэ Ифань Хоущ.

АПХУЭДЭУ зэрыхьунум щэ кьытезымыхьахэр машІэтэкъым, ауэ финал ныкъуэм и ящэ джэгуГъуэмрэ етІуанэмрэ кьрикІуахэр эпэлъытыгъ, тай-брейк джэгун хуейуэ къызыплъыхьжІа азие пщащхэр дыдуасэ аргуэру шахмат єтІолым щызэпэтІысащ.

Тай-брейкым япэ кІэухэгъэ ейт хужьхэмкІэ джэгу Ифань Хоу, ауэ абы зэкІэльыгъэпІащІэу кьрихьажьа и фигурэхэр пщыщІэу иригъэкІуэтыжьи хуей хьуащ, сыт щыгъуа зэпІэзэрыт Конеру Хампи мыпІейтейуэ, зэхуэхьесауэ и фигурэхэр кьызэрыдигъэкІыр щилъагъум. Еханэ-ебланэ кІуэгъэхэм ирихьэлІэу зэхьэрхуэрэгъуэхэм замыгъэгувэу рокировкэ ящІащ, шахматым щынэхьыщхьэ пкъыр - пащтыкьыр - быдапІэхэм дагъуэрэн мурадкІэ.

Китаянкэр хэтупсыхьащ, зэманыр егъакІуэ, тІэкІуэ зэрыпІейтейр нэрылъагъущ. Дакикьитху нэужьым мэЗбэри, Хампи и пешкэр треч. Абы кІэщІкІэ кІэльоІэбэри, Ифань Хоу ар кьыззэрищта пкъы хужьыр индианкэм кьыІуех.

Апхуэдэу эзгъакІуэ дежгуКІэр екІуэкІащ кІуэгъуэхэр зэми зэкІэльагъэпІащІэу, зэми зэрыгупсысэ зэманыр дакьикьи 8 - 10-м щІрагъэгъуу. БэкъуэгъуитІ-щыкІэ Хампи зыш кьыфІихьэха нэужь, Ифань Хоу ишхэр зыр зым кьихъумэу зэбгъэдигъэващ, и пащтыкьыр зыдэт плІанэпэр апхуэдэ щІыкІэкІэ игъэбыдру. КьыхэгъэщІихьэщ, пащтыкъ хужьыр рокировкэм и ужькІэ зэ закъуи зэрамыгъэхъеяр, абы ельытауэ фІыщІэм (Конеру ейм) зэпымыууэ «зыгъэпщкІуПІэ» кьызэрилъхьуар.

Ифань Хоу фигурэхэм зэми епхъэрэ и Іэпэхэр кьыІуихьажу, итІани темыгушхуапІэу игъэбакъуэу, ящэ кІэрихьэщ пкъы нэхъ лъэщхэр иригъэкІуэтыжу зэрыщытым кьыщпигъэхъурт ар гуитІ-щхьитІу. АрщхьэкІэ апхуэдэ щыкІэкІэ и хьэрхуэрэгъур игъэбэлэрыгъэу кьыщІэкІащ, гъэм мэлыжьыхьым и 19-м Софие щыпсэу суРэтыщІымрэ психиатримрэ я унагъуэм кьыщалъхьащ. Ари и щыпхъу Линэ яни пасэу зыужьа зэманым и Іуэхущ. Ильэситі дэкІри, Антуанеттэ Болгарием и цІыхубз чемпионатым щытекІуащ, гроссмейстер хьэуащ. Ильэс 23-рэ фІэкІа мыхьэуаэ Стефановэр кьахэхутащ цІыхухьэхэм я дежи щыгроссмейстер щІахубзишІым. ИужькІи ехьулІэныгъэшхуэ куэд кьихьащ. 2004 гъэм мэкъуаугъэм и 7-м Антуанеттэ дунейм шахматымкІэ и 10-нэ чемпионкэ Элиста щыхьащ. Абы и щхьэм налкъутналмэхэр зыхэгъэнщІа пыІэр кьащхьэритІэгъауэ щытащ ФИДЕ-м и унафэщІ, Кьалмыкъым и Президент Илюмжинов Кирсан.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

Сабийхэр егъэгушхуэ

2004 гъэм шахматымкІэ дунейм и чемпионкэ хьуа Стефановэ Антуанеттэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэщІэ лъапІэхэм ящыщщ. Абы псори кьыдекІуэ хэль щыпкьагъэмкІэ, гуапагъэмкІэ. Абы и щыгъуэм Болгарием и шахматистхэм я «Ладья» клубым зэуэ ныбжьыщІэ 20-м щадзэжгуну арэзы зэрыхьуа. Мыбдежым, дауи, мыхьэнэ щызІэр партиехэр зэрируха щІыкІэркъым, атІэ сабийхэр зэригъэшхуэрщ.

ДЖЭГУНЫР ихуа иужь, Антуанеттэ кьызэхуэсахэм яхуиІуэтащ мы джэгуГъэ телъыджэмкІэ лъагапІэ нэхъ ин дыдэхэм зэсныр кьызыхэкІауэ кьиІытыэтэр, апхуэдэу Налшык хуабжьу игу зэрыригъэхьар.

Болгарием мы бзылъхугъэм ЭтикІэ кьыщодж. Ар 1979 илъэс 13 щрикъуам зи ныбжьыр илъэс 14-м нэмыса хьыджэбз щІыкІуэхэм я деж Европэм и чемпионкэ щыхъуащ. ИльэситІ дэкІри, Антуанеттэ Болгарием и цІыхубз чемпионатым щытекІуащ, гроссмейстер хьуащ. Ильэс 23-рэ фІэкІа мыхьэуаэ Стефановэр кьахэхутащ цІыхухьэхэм я деж щыгроссмейстер щІахубзишІым. ИужькІи ехьулІэныгъэшхуэ куэд кьихьащ. 2004 гъэм мэкъуаугъэм и 7-м Антуанеттэ дунейм шахматымкІэ и 10-нэ чемпионкэ Элиста щыхьащ. Абы и щхьэм налкъутналмэхэр зыхэгъэнщІа пыІэр кьащхьэритІэгъауэ щытащ ФИДЕ-м и унафэщІ, Кьалмыкъым и Президент Илюмжинов Кирсан.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

Стефановэ Антуанеттэ и кІэухэгъэщ. *Сурэтхэр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Журналистхэм я зэфІэкІ

2008 гъэм цыхубзхэм я деж шахматымкІэ дунейм пашэныгъэ кьащІащІыхьным теухуа зэхьэзэхуэхэр ІуэхугъуэгъуэхэмкІэ икІи зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ гъэнщІащ. Абыхэм ящыщщ чемпионатым и кьыззэгъэпащІащІэу кІуэ комитетым Къэбэрдей-Балъкъэрым шахматыр фІыуэ зыльытагъуэ щыпсэужхэмрэ щыпсэужбэ информацэм и Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэмрэ папщІэ иригъэкІуэкІа зэпеуэныгъэ псынщІэхэр (блиц-турнир). Швейцар хабзэм теухуауэ екІуэкІа зэхьэзэхуэхэм цыху 24-рэ хэтащ. Абыхэм ящыщщ «Кабардино-Балкарская правда» газетым и лэжьакІуэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр» программэм и продюсер Хьэхьупащіэ Хьэзизрэ корреспондент Бейтыгъуэн Іуэсэрэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м и режиссер Сэралъп Самарэрэ телеоператор Теппеев Магомедрэ. Зэпеуэныгъэхэм хэт дзэ хэмэмэи зэІуэшІыбгъу иригъэжьуэжащ. Япэ увыпІэр иубыдащ «64» журналым и суРэттех Одесский Илья, етІуанэ увыпІэр ныхьыысащ «Кабардино-Балкарская правда» газетым жэуап зыхь и секретарым и кьуэдэдэ Мечиев Хьэдис. Штатым хэмыт корреспондент Эфендиев Эльдар ещанэщ.

Зеймэ егъуэтыж

Москвэрэ Урысей псомрэ я патриарх Алексий ЕтІуанэм фокІадэм и 12-м Москва и Свято-Даниловскэ кьулыкъыфым (монастырым) япэ дыдэу кьыщІэзэуащ США-м и Гарвард кьалэм кьращыжа тхьэгъэшхэр.

ТхыдэшхэУ зыпыщІа а тхьэгъэшхэр Урысейм ирашауэ щІащІ илъэс 80 хуэдиз и пщІэ. Абыхэм иджыри кІэс ягъэщІэрэщІащ зи гугъу тщІы кьалэм и университет щІэрыІуэм и унэр. Абыхэм ещхь тхьэгъэшхэр хуагъэхьэзырыну икІи яхуигъэувыну Урысейм кьигъэгугъа нужь, ди къэралым кьратыжащ езым и тхыдэмкІэ мыхьэнэ ин зиІэ а лъапІэмэ.

Тхьэгъэшхэр кьызэращэжам екьэлІа гуфІэгъэу Іуэхухэм хэтащ УФ-м и Президент Медведев Дмитрий.

Ла Манш и щІагъым

Инджылызымрэ Франджызымрэ зэпызыщІэ тоннелым кьыщыхьуа мафІэсым и зэранкІэ абы щызекІуэ хьэркьым мафІэхэр.

Вагонм зыщыпсым исаХэу щыхьу 14-м дохутыр дэІэпыкъуныгъэ иратын хуей хьуащ. Кьата хьыбархэм кьаэзрыхэзщымкІэ, тоннелыр щэбэт щІоиндэ зэхуэщІауэ щытынущ.

Кьэрал Думэм

УФ-м и Федерацэ Зэхуэсым и Ищхьэрэ палатэм ещанэ еджэгъэкІэ игъэуващ дилъахэгъуэр ди къэралым кьызырыкІуэ щыкІэр нэхъ кьызырыкІуэ зыщІ хьэзыр.

Абы зэрыщыубзыхуамкІэ, иджы Урысейм и гражданин ухъун папщІэ хуит зебгъэщІу ильэситху пІалъэкІэ УФ-м ущыпсэун, уи мылькур зыхуэдизыр, абы и къиуэкІыпІэхэр бгъэльэгъуэн хуейкъым. Ауэ, псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, Урысейм ущыпсэуну укъэкІуэжьын папщІэ, урысыбзэ умыщІэми хьунущ. НаІуэу зэрыщытщи, а нужьрейр зи адэжь льахэ къызыхэзэхьыну хуей ди дльахэгъуэм я дежкІэ льэпощхьэпо ину щытащ.

(ИТАР-ТАСС).

Мы махуэхэм

ФокІадэм и 13, *щэбэт*

◆ЦІыхуэхэм яп медицинэ дэІэпыкъуныгъэ етыныжкІэ дунейпсо махуэщ. Жор ПлъыжьымрэМаэз �Ныкъуэ ЦІыхубзыныгъэм и дунейпсо зэпІэхьеенныгъэм хэт лъэпкъ зэгухьэныгъэхэм я жэрдэмкІэ 2000 гъэ лъандэрэ илъэс кьэс фокІадэм и етІуанэ щэбэтым ягъэтлаПІэ.

◆Илъэс 65-рэ и пкІэ (1943) фашистхэм яубыда Красноармейскэ Советэм Союзым и ЛІыхьужь щІэр ящащ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УказкІэ.

◆Илъэси 155-рэ и пкІэ кьалъхуащ Урысейм ХІХ лЭщІыгъуэм и 70 - 80-хэм щекІуэкІа революцэ-демократие зэпІэхьеенныгъэм хэта **Перовская Софья** (1853 - 1881). 1881 гъэм мэлыжьыхьым и 15-м и щхьэр пальащ император Александр ЕтІуанэр зыукІыну хэтахэм я гъэсэу.

◆Илъэс 85-рэ и пэкІэ кьалъхуащ урыс партиэанкэ, Совет Союзым и ЛІыхьужь (1942, зэрымыпсэужу) **Космодемьянская Зое.** Фашистхэм япэщІэхуэри, абы и щхьэр 1941 гъэм щэкІуэгъуэм и 29-м Петрищевэ щыпсэу щыпалъащ.

◆Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 6-рэ дакьикъэ 44-м, кьухьэжьыщ сыхьэт 19-рэ дакьикъэ 23-м.

◆Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакьикъэ 39-рэ.

ФокІадэм и 14, *тхьэмахуэ*

◆Урысей Федерацэм и Президент **Медведев Дмитрий** (2008 гъэм ГъатхэпэМ и 2-м хахащ, 2008 гъэм накъыгъэм и 7-м и кьулыкъум зэрыльхьащ) кьыщалъхуа махуэщ (1965).

◆Илъэси 110-рэ и пэкІэ кьалъхуащ урысей актер, СССР-м и цІыхубэ артист, Социалист ЛІыхьужь, СССР-м и Кьэрал саугъэтэхэм я лауреат (1946, 1947, 1949) **Прудкин Михаил** (1898 - 1994).

◆Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 6-рэ дакьикъэ 45-м, кьухьэжьыщ сыхьэт 19-рэ дакьикъэ 20-м.

◆Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакьикъэ 35-рэ

ФокІадэм и 15, *блыщхьэ*

◆Демократием и дунейпсо махуэщ. ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм 2007 гъэм щэкІуэгъуэм и 8-м кьишта унафэм ипкъ иткІэ ягъэлъапІэ.

◆Гватемалэ, Гондурас, Костэ-Рикэ, Никарагуа, ЭльСальвадор республикэхэм я лъэпкъ гуфІэгъуэщ - кьэралъэр щхьэхуэ щыхьуа махуэщ (1821).

◆ФокІадэм и 15 - жэпуэгъуэм и 3-хэм Женевэ (Швейцарие) щекІуэкІынущ Сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ комитетым и 49-нэ сессиер.

◆ФокІадэм и 15 - 19-хэм Нью-Йорк щекІуэкІынущ ООН-м и Сабий фондым (ЮНИСЕФ) и Гъэзэщакіуэ комитетым и сессиер.

◆Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 6-рэ дакьикъэ 47-м, кьухьэжьыщ сыхьэт 19-рэ дакьикъэ 18-м.

◆Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакьикъэ 31-рэ.

ИлІыхьэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

Лъэпкъ Іуэщыгъэ:

Гунэс ямыщІ саугъэт умыщІ.

КъБР-м и Президентым и стипендиехэр къыватыну фыхуей?

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм кьыІуех Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и стипендие зратынухэм зыхагъэхуэну хущІэкъуэм я документхэр.

А стипендиер ират хьунущ егъэлеяуэ фІыуэ зэІуэгъуэ аттестацэхэм зыкъыщызыгъэлъагъуэ, зи чэзу сессиехэм экзаменхэр щызыт, урысейпсо, дунейпсо зэпеуэхэм, олимпиадэхэм, фестивалхэм, еплъыныгъэхэм зэрыщытекІуамкІэ дипломхэр е нэгъэщІ документхэр зиІэ, къэхутэныгъэхэм я патентхэр зыхуагъэфаща, апхуэдэу щІэныгъэ журналхэм зи лэжьакІуэхэр кьытеху аспирантхэмрэ студентхэмрэ.

ФыщІэупщІэ хьунущ 47-23-72 телефонымкІэ.

●Гу зылъытапхъэ

Ди зэманым и лІыхьужь Хьущт Аслъэнбэч

Адыгэхэм хьахэкІауэ Олимп Джэгугъэм щытекІуа щыкуэм и 8-м щыщу тхэгъэрдейкэщ. Апхуэдэ щыхуэхэр ди зэманым и лІыхьужьхэщ.

ДЖЫПАХЬСТэНЕЙМ хиубыдэ Абейкьуажэ ЦІыкІум щыщ пелуан Хьущт Аслъэнбэч Пекин кьалэм щекІуэкІа ХХІХ Олимпиадэм хэтащ икІи Урысейм кьихьэхуа дыщэ медаль 23-м языр абы кьихьащ.

«Адыгэ псалъэм» и нобэрей кьыдэкІыгъуэм и 2-3-нэ напэкІуэцІхэм тыдодзэ Кьардэнгъущ Зырамыку и цІэр зезыхьэ ди хьэщІэщым Хьущт Аслъэнбэч кьыщеблэгъам кьыджиІа-хэмрэ ар кьыщыхьуа Абейкьуажэ ЦІыкІум чемпионыр зэрыщагъэльэпІам теухуа тхыгъэмрэ.

●Футбол

Фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм футболымкІэ и премьер-лигэ ТІощІэ езанэз джэгуГъуэ «СПАРТАК-НАЛЬШЫК» - «ЛОКОМОТИВ» (Мэзкуу) Налшык. «Спартак» стадион. ФокІадэм и 14-м. Сыхьэт 20-м.

КЪЭБЭРДЕЙ

Щбэт къыдэкІыгъэ

Мазэ улахуэр доллар 1300-м ноблагъэ

●Къемызэгъэ Іуэху

Урысейм и щІыналъэхэм я къулыкъузехьэ лэжьакІуэхэм ику иту мазэм къалэжьыр мы гъэм и япэ илъэс ныкъуэм сом 30396-м нэсащ. Ар къэралым ику иту къыщалэжьым (сом 17450-рэ) нэхърэ процент 74-кІэ нэхъыбэщ.

ЩІЫНАЛЪЭХЭМ я къулыкъущІэхэм я улахуэр 2007 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ельытауэ 2008 гъэм и мазихым кьриудыдэу процент 32-кІэ хэхъуащ (Банк нэхъыщхьэм ику иту зэрыщІэзекІуэм тещІыхьауэ доллар 1272-м нэсу). Нэхъ псынщІэжу - процент 52,5-кІэ (е ику иту сом 20875-рэ) - хэхъуащ щІыпІэ самоуправленэм и лэжьакІуэхэм я улахуэр. Федеральнэ Іуэхущіапіэхэм я лэжьакІуэу щІыналъэхэмщІыкІэ кьалэжьыр нэхъ мащІэщ, ар ику иту сом 20814-рэ хьууэ аращ.

ЩІыналъэхэм я къэрал къулыкъущІэхэм я лэжьапІэр ику иту процент 46-кІэ нэхъыбэщ, а щІыпІэхэм щыІэ федеральнэ къулыкъущІэхэм яйм нэхърэ. Нэхъыбэ дыдэу а бжьыгъэхэр Рязань областым (хуэди 2,8-кІэ) щызэщхьэщокІ.

Нэхъ псынщІэ дыдэу (хуэдитІкІэ) зи улахуэм хагъэхъуар Новгород областым и къулыкъущІэхэрщ. Ауэ мы зэманым абыхэм кьалэжь сом 24413-р процент 20-кІэ нэхъ мащІэщ ику иту щІыналъэ къулыкъущІэхэм къэралым кьащІэкІэ нэхъэрэ.

Улахуэ нэхъ ин дыдэ, сом 92208-рэ, къаІэрохьэ Ненецкэ автономнэ областым и къулыкъущІэхэм, нэхъ мащІэ дыдэ, сом 13924-рэ, иратэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщхэм.Москва и къулыкъущІэхэм мазэм сом 39080-рэ, Петербург щыщхэм сом 43279-рэ яІэрохьэ.

ЭкономикэмкІэ эксперт гупым я унафэщІ Андряков Александр зэрэжиІамкІэ,**зи бюджетыр нэсу къызэзыщыІэнэщыжыф, дотацэ зыхьэрыхэ щыналъэхэм я къулыкъущІэхэм иратыну хуитхъым абыхэм япэлъыта федеральнэ къулыкъущІэхэм яІэрыхьэ улахуэм нэхърэ нэхъыбэ.** УФ-м Финансхэмкіэ и министерствэм къита бжьыгъэхэм кьагъэльагъуэ дотацэ зрат щІыналъэ 64-м ящыщу щІыналъэ 39-м нэгъабэ а хабзэр къыщзэрыщызэпаудар. Ар къызыхэкІыр, мурад пыухыкІэхэм тратхэкІуэдэн папщІэ хуаутІыпщ субсидиехэмрэ субвенцэхэмрэ хуэмыдэу, федеральнэ дотацэхэр щхьэхуэу зэрыщымытым, щІыналъэ бюджетхэм зэрыхэгъуэщэжам кьыхэкІыу а ахъщэр кьулыкъущІэхэм я улахуэм хагъэхъуэн папщІэ кьызэрагъэсэбэпырщ, кьелыгтэ экспертым. ИпэжьпІэкІэ къапщтэмэ, УФ-м Финансхэмкіэ и министерствэм хуитыныгъэ ІуэхабзэР кьызэпІызыдэхэм ярит дзІэпкьыныгъэр игъэмэщІэну, ауэ апхуэдэ Іэмалыр абы зэи кьигъэсэбэпакъым.

ЩІыналъэхэм ират федеральнэ дзІэпкьыныгъэр иужь илъэсхэм зэІэзэрыту йокІуэкІ, ар къэрал кІуэці валовэ продуктым и уасэм и проценти 2,3-2,5-рэ мэхъу. 2007 гъэм дотацэу сом мелард 310-рэ ятащ, 2009 гъэм ар сом мелард 380-м нэсынущ.

«Ведомости» газет.

●«Адыгэ псалъэр» къыхьзох

Ныбжьэгъу пэж

Республикэм къыщыдэкІ газетхэм ящыщу си дежкІэ нэхъ лъапІэр ди анэдэлъхубзэкІэ дунейм кьытехьэ «Адыгэ псалъэрщ». Абы и дэтхэнэ зэкІэмкІэ зыгъэзэ си нэ кьыхуокІ, ар зэпымыуэ си Іэпэгъэщ, си чэнджэщэгъу лъапІэщ.

«Адыгэ псалъэм» и напэкІуэцІхэм сытым джаи кьиГъуэтынущ дунейм, республикэм щекІуэкІ Іуэхугъуэхэм, щІыхь щэджащэхэм ятеуха тхыгъэхэр, хьыбар гъэщІагъуэнхэр. И тепщэкІи удихьэхыу, кьытехуэ тхыгъэхэм, кьышыІэта ІуэхугъуэкІи гукІи псэкІи арэзы укъащу гъэпсащ газетыр, сыт хуэдэ ныбжьым итми ныбжьэгъу пэж хуэхъуфыныущ.

ГъащІэм кьигъэув упщІэ куэдым я жэуап купщІафІэхэр кьышыдогъуэт «Адыгэ псалъэм». Апхуэдэзу узынщагъэр хъумэным, щІалэгъуаэр гъэсэным, нэхъыжьхэнэхъыщІэ зэхущытыкІэхэм, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэми епха чэнджэщхэм сытым дежи ушрохьэлІэ абы и напэкІуэцІхэм.

Си гуапэщ и тхыгъэ купщафІэхэмкІэ щІэджыкІаКІуэхэм яхуэупсэу «Адыгэ псалъэр» адэкІи ефІэкІынущ!

БИЩІО ФатІимэ.
Хьэтуей кьуажэ.

Республикэм щыпсэухэм, предприятэхэмрэ Іуэхущіапіэхэмрэ я унафэщІхэм гу зылъатапхъэ

Федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэм и Управленэу КъБР-м щыІэм хьыбар егъащІэ 2009 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм кьрагъэхьыш папщІэ, газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ трагъадзэу зэрыщІадзамкІэ.

Фэ нэхъ фигу ирихь кьыдэкІыгъуэхэм Іэ щыщІэвдэ хьунущ республикэм и пощт Іуэхущіапіэмэ псоми.

ФПС-м и Управленэу КъБР-м щыІэр.

Ди газетыр къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Итъэс ныкъуэм газетым и уасэр сом 356-рэ кІэпІейкІи 10-рэщ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хьунущ республикэм и пощт Іуэхущіапіэ псоми.

Ди индексыр 51531

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

★★★

ХЪУЩТ Аслъэнбэч: ТекIуэныгъэ къэс зыхэсщIэрт

- АСЛЪЭНБЭЧ, ди псалъэмакъым и пэублэ у, укъыщыхъуа унагъуэм, уи адэ- анэм, анэкъилъхуэм утегъэпсэ лъыхъынут. Уэ нэмыщI спортыр эи нэрыгъ ящыт яхэт?

- Унагъуэм и гугъу сщIымэ, сэ шыпхъу нэхъыжьрэ къуэш нэхъыщIэрэ сиIэщ. Илъэсибл фIэкIа сымыхъуауэ ди адэ Виталий дунейм екъижащ. Сыт хуэдэу уигу кьинэжа, жьпIэмэ, Iэщ дохутыру колхозым щылажьэрти, и IэнатIэм кьудзкIуэу топ джэгуу зэрыщытар сощIэж. Ныбжьклэ щIалэми, и гур уэзу щIэх-щIэхыурэ сымаджэщхэм щIэльащ, езыми и бынунагъэм зыщигъэнщIакъым, дэри ди адэм гу щытхуакъым... НыкъуэпIу сабиищ кьызыхуэна ди анэ Татьянэ егъэджакIуэт. Акьбащ Ипщэ кьуажэм дэт курыт еджапIэм щылэжьащ, нобэр кьызэдсым абы макIуэ. ЗэрыжаIэу, адэ зиIэм дримыгъэхъуапсэу дипIэм, дызыхуей гуэрти дыхуимыгъэныкъуэу дыкьинтэхъун папщIэ, бидэу гугъу зыкьыддригъэхьащ. Дэ ар зэи тщыгъупщэнукъым. Абы щыгъуэ школхэм щыхабзэт нэхъ хуэмыщIа унагъэхэм кьикI сабийхэмрэ зеиншэхэмрэ зыгуэркIэ зыщIагъакъуэу, гъэ еджэгъуэщIэм ирихьлIэу щыгъныщIэ гуэрхэр кьыхуащхэуу... Ауэ ди анэм абы кьыхэкIыу лъэпэдитI унагъуэм кърихьакъым, «Си быным я адэр ямыIэжми, я анэр псэущ, сэ ахэр схуэпIынщ», - жиIэри. НэгъуэщIу жьпIэмэ, и пщIэнтIэпс кьыхэмыкIа гуэри кьыдимыхьэлIэу, кьыгъэсакьыу, ди еджэнымрэ гъэсэнымрэ нэхъыбэу и нэIэ тригъэту дыкьинтэхъащ.

- Эи закъуэу кьэна анэм джекIэ бынищ фипIыныр, щэч хэмылъу, гугъут. Хьыджэбзыр анэм зриубыдылIэфынущ, езым ищIэм хуигъэсэфынущ, зэрызэгурыIуэн бзэ зэанэзэпхъум сытым дежи кьагъэтынущ, ауэ адэ зыщхьэщымытыж и къуэхэр лIы хуэдэу игъэзэным Татьянэ дауэ бгъэдыхьэрэт?

- Пэжщ, щIалэми хьыджэбзми я гъэсакIэр щхьэхуэщ, гу зылъытапхъэ куэд хэльщ, ауэ абыхэм ди анэр хуэIэкIуэлъакIуэу кьыщIэкIащ. Ар зыхэсльагъуэри и Iэщагъэкlэ егъэджакIуэу, гъэсакIуэу кьызэрыгъуэпурыкIуарщ. Си щыпхъу Нинэ сэ нэхъыр зы ильэс закъуэщ зэрынэхъыжьыр. Ар кьыдэкIуэтея нэужь, ди анэм IэпыдзлъэпIадэ хуэхъурт, унагъуэ кьалэнкIэ кьыхуэсебэпырт, щIалэ цIыкIуитIым зыщыщIедгъэх щыIами (*кьыпогуфIыкI*). Ауэ, пэжыр жьпIэмэ, щыми кьыгъэхуэткIиящ, дымыщIапхъэ щIэуэ, дызэдэмыкIуапхъэ дыкъыщыщIидзу, и жьIэм дыфIэкIыу идакъым. ДызэдэщIэмрэ тщIэмрэ имыщIэу зы сыхьэт ныкъуи дэкIыртэкъым. Дэ абы щыгъуэ а псор кьыдгурыIуэрэт, кьытхуэбзаджэ ящIэу кьыщытщыхъуи щыIэ хуэнт, ауэ иджыдж сызоплъэкIыжри, арынщамэ дауэт дызэрыхъунур? Сыт хуэдэ дуней тетыкIэт диIэнур? Сыт хуэдэ щIэныгъэт дгъуэтынур? СощIэж, ди анэм пщыхьщхьэкIэрэ зэдэлъхуэзэщыпхъур дигъэтIысурэ дигъатхэу, дригъаджэу, шюлым кьыдат унэ лэжьыгъэхэр щхьэ кьэIэт димыIэу дигъэщIу зэрыщытар. Зи школ кIуэгъуэ мыхьуа ди щынэхъыщIэри апщIондэху кьыддэплеит, зыкьыдигъэщхьт. Алимбэч апхуэдизкIэ хуейт нэхъ псынщIэу школым кIуэныр, темыпIыIэу ди анэм ельэIурт. Арати, сабий гъэсапIэм и ныбжь иримыкъуауэ кьыщIашри, ятеклассым хагъэтIысхьауэ щытащ. Ерыщагъыр зэкъуэшхэм ди хьэлу кьыщIэкIынщ, зыхэхуа гупыр езым нэхърэ нэхъыжь защIэм, зыгъэкIэримыгъэхуу еджащ.

- Анэм имыгъэса лIы хьурыкым, жаIэ. ЗыхэщыкI зиIэ бзылъхугъэм фыкъыхуэмынатэмэ, «Iхьэ сымыщIэ, иджыри кьыдыхьэжакъым!» - жиIэу тIысыжрэ, и быныр пыкIэрэхъуклауэ кьэхъуатэмэ, нобэ дыззэрыгушхуэ чемпионыр, адыгэ щIалэ лъэрыхьыр ди пащхьэ ихьитэкъым. Пэжкъэ?

- Узаху щ. Пасэу адэнщэ дыхьуами, зеиншэу дыкьыззэрымынамкIэ Тхьэм фIыщIэ хуэощI, абы кьыхэкIыуи сынасыпыфIэу зызолъытэж, ди анэми си щхьэр хуэогъэщхь. Ауэ щIалэ ущыхьуакIэ, уэыдэпIьеин кьыбольыхьуэ, абы и лъэныкьуэкIэ, ныбжьэгъу, нэхъыжькIэ сехьулат. ИпэжыпIэкIэ, мыбы дзыхь хуэсщIын хуеякъым, щIыжысIэн цIыху иджыри кьэс крихьэлIакъыми, ари насыпым и зы Iыхьэщ. Си хьуреягъым кьыщытхэр, ар си кьуэш нэхъыжьу, ныбжьэгъуу щретти, куэдым зыкъысщIагъэкъуащ, я фIэщ сыкъуащ. Гъуэгу пэж сытрагъэуващ. Ар пхужымыIэныр хуэдизу льапIэщ си дежкIэ.

Сэ сыкъыщыхъуа Белоглинкэ (Абейкъуажэ Цыкlу) ди гъунэгъуу щыпсэурт ди унэкъуэщ щIалэ, шынэхъыжьу кьыщцхьэщыта Хьущт Славэ. Ар 9-10 классхэм щIэсу щIалэщIэт, сэ пэщIэдэ щ олым сыщыкIуэм щыгъуэ икIи сызыдэпдлъеину сIар аращ. Абы нэмыщIкIэ нэгъуэщI зы щIали ди гъунэгъурт, Цырхъуо Анзор. Аха ращ иужькIэ гъуэгу бгъуфIэ хьуа спорт лъагъуэм сытезышар. Мис абыхэм гугъу зыкьыздрагъэхьащ, тIэкIу сыщыхьрихьинкIэ хъуну гу кьыщыслъат эми, сызэтраубыдащ, си Iуэху щыхьмыхьуми кьыщцхьэщыжащ. Апхуэдэу щхьэтечу, зэпкърыхауэ кьыщIэсIуэтэжыр, ущысабийм деж дэтхэнэ зым и гулыгъэри гум зэримыхужырщ.

- Бэнэкъэм зыхуэбгъэсэнымкIэ уи гъуэгугъэлъагъуэу щытар а щIалэхэрауэ жыбоIэ. Дауэт ар зэрыхъуар?

- СызэрыщыкIуэр сфIэфIт тэкIу сэ нэхърэ нэхъыжьхэм зеспщытыну, и щхьэр течауэ жыпIэмэ, дэтхэнэ зы кьуажэ щIалэ щIыкIуми хуэдэу, фыщIэныр, бэнэныр зыхъэсльхъэ щыIэтэкъым. Абы гу лъызыта щIалэ нэхъыжьхэми, мобы утекIуэн, мыдрейр зытумыгъакIуэу зыпIыгъыфын, жаIэурэ кьуажэбгъу губгъуэм деж «зэхьэзэхуэхэр» щедгъэкIуэкIырт. Кьар урэ ерыщагърэ хэслъхьэ хьунти, си «гуащIэдзэкIым» мамыр уиIэтIыныгъэ иригъ, Цырхъуо Анзор бэнэкIэм щыхуагъасэу Акьбащ Ипщэ курыт еджапIэм хэт гулэжьем езыр кIуэрти, сэри сыздишащ.

- Абы щыгъуэ ильэс дапщэ хъурэт?

- Ильэс 12-13-м ситт 8-нэ классым сынэсыху Акьбащ Ипщэ школым хэт секцэращ сыздэкIуар, итIанэ Iэр ч кьалэ и бэнакIуэ клубым зыхезгъэтхащ. Абы щыIэ адрей щIалэ цIыкIухэм, я ныбжьрэ я хьэлъагърэ ельэтауэ я, Урысеипсо зэхьэзэхуэхэм пэрыт ушыпIэхэр кьыщахьырт, жыпIэнуракъэ, хьэрзынэу ягъасэрти, сэри хуабжьу сыщIэхъуэрсырт абыхэм я ехьулIэныгъэхэм хуэдэ гуэр зыIэрызгъэхьэну. Абы щыгъуэщ си ятэ гъэсакIуэ Битокъу Юрэ сыщыпсэщIэхуар. И кьуэр зэрилъагъум хуэдэу фIыуэ сыкьилъэгъуащ, жысIэмэ, мэскьалкIэ пщIыупс сыхъунукъым, апхуэдизкIэ ар кьыззэпIэлIащ, гугъу зыкьыздригъэхьащи. Нобэр кьыздэсым сыт и лъэныкьуэкIи кьыздоIэпыкъу, сызыхуэныкъуэ чэнджэщ кьызет. Сыщыстудентым щыгъуэ абы тренер лэжьыгъэ крихьэкIыжкIуртэкъым, ауэ гъуэгуущIэхэр кьызиту, уеблэмэ щыгъын фэильхьагъэути, спорт фащэти - гу зылъитэр и бын дыдэм хуэдэу кьыскхуищэхурт, си сом и кIапэ зэпыхуауэ сыкьиригъанэртэкъым. Иджыри кьыздэсым апхуэдэу кьызэрысхущытым щэч кьытесхьэну зы щхьэусыгъуэ кьызимытауэ, сыт хуэдэ IуэхукIи дыззэрыбгъщ.

- Спортым уи насып зэрыхэлъым апэу гу лъызытар Битокъурауэ жьпIэ хъуну?

- Хьунущ. Битокъу Юрэ ящыщт районым пщIэшхуэ щызиIэ, республикэ псом кьыщащIэ цIыхухэм, сэри абы и гъэсэну сыщыщыткIэ, и Iуныдыжьым сыифIэлIыкIырти, Iуэху мыхьумыщIэкIэ си цIэр зыми зыхезгъэхыну сыхуейтэкъым. Адрейхэм хуэдэу, сэри си кьарум кьихьым хуэдиз зэранытгъэ, щIалагъэ-делагъэкIэ кьэзлэжьыну кьыщIэкIынт, апэрауэ, Юрэ С ыщIмыуKIыт эт эмэ, етIуанэрауэ, ар сэ щхьэкIэ укIытэнкIэ зэрыхъунум сыщцымышынэтэмэ. Битокъу Юрэ утыку сриштати, абы ар хущIегъэгъуэж хъунутэкъым, сызнутэжа цIыхухэр кьыззэрысщыгугъыр згъэпэжыну сызэрыхущIэкъуэм кьыхэкIыу, гъащIэм нэгъуэщI зыгуэру сепль хьуащ.

- АтIэ Битокъу Юрэ уи гъэсакIуэу щытыху сыт хуэдэу кьэкIуэкIа уи спорт гъуэгуанэр?

- Ар си гъэсакIуэу апэ зэхьэзэхуэ Кьалмыкъ Республикэм сыщыIащ. Абы щыгъуэщ апэ текIуэныгъэ сыщIари, ауэ пэжщ, кьэсхьар ещанэ увыпIэт. ИтIанэ сэ сыщыбэнащ Ростов, Краснодар, Элиста, Москва, Челябинск, Ульяновск кьалэхэм. Хуабжьу гугъу зыкьыздригъэхьу, дэнэкIэ сыт хуэдэ зэхьэзэхуэ щыIэми сишэу, Битокъу Юрэ кьыщцхьэщытащ.

- Абы щыгъуэм Кьэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академием ущеджэрэт?

- Сыщеджэрт. Спортым сыдихьэхыпауэ, абы фIэкIа, зэрыжаIэу, нэкуи напIи симыIэжу сыщытт, ауэ ди анэм сыхиГъэзэхьырт: «ИтIащIэкIэ убанэу удэтынукъым, уи кьарум кьимыхьыж хъумэ, уэзрыпсэун Iэщ Iагъэрэ щIэныгъэрэ уиIэн хуеийц», - жиIэурэ. Арати, еджакIуэ Налшык сыкъэкIуащ, ауэ бэнэныр Iэпэдэгъэлэл сщIакъым. Мэкъумэш академиер кьыщIэзухым, сылэжьэну си гугъэу, Iэнатlэ кьэслъхьхуэу сыхуежьат, спортым щызгъэхъэнури зэфIэкIауэ зы теуГъуэкIэ кьэслъыт ат, Нартсанэ (Кисловодск) бэнакIуэхэм я урысейпсо зэхьхьэ (сбор) щыIэу щызэхэсхам. Спортым дызэригъэщIыхуауэ си ныбжьэгъу щIалэ, Нартан щыщ Гъудэ Елдар абы хэтти, щежьэм, «НакIуэ!» - кьызжиIащ. Лэжьэ-ни щIэзмыдзауэ, ильэс псокIэ тренировкэхэри зэпызгъэзауэ, абдеж си Iуэхухэр щIэгъуащэтэкъым. Гъуэгу утехьэнуми, ахъшэ-бохьшэ жьпIэн хуейтэкъэ? Ауэ сымыкIуэнкIи Iэмал имыIэу, ежьэхэм сехъупсэрт. ХэкIыпIэу сиIэр арати, ди лъахэгъу, джылахъстэней щIалэ Шэджэмокъуэ Ахьмэд зыхъэогьаэ, си мурадхэр зыхуэунэтIар жысIоIэ. Абы гулъытэнщэ сызэримыщIам и фIыгъэкIэ Нартсанэ сыкъыщыхутащ, бэнакIуэхэм я зэхьхьэм сыхэтащ, сухэзэфIэкIыр згъэлъэгъуащ.

Абдеж си насып кьыщикIри, Урысейм и гуп кьыхэхам и тренер нэхъыжь Сапуновым Геннадий гу кьыслъитащ: бэнэкIэ техникэ гъэпса сиIэтэкъым, ауэ кьарукIэ сыхуэщIат. Ар щилъагъум, Сапуновым кьыгурыIуагъэнщ сызыхуэмыIэкIуэльакIуэ тIэкIур иризгъэкъужмэ, адэкIэ зыгуэр кьыхэхьну зэрыщытыр. АпэкIэ зэи сыкьимыльэгъауэ, зыри кьыхихимыщыхъукIыу, сэуззфIэкIынури сызыпэлъэщынури имыщIэу, зэрыжаIэу, «авансу» ар кьыззджащ Урысейм и гуп кьыхэхам сыхигъэхьэну. Адрей гъэсакIуэхэм ягъэщIагъуэрт: «Сыт мыбы дэпльэгъуар?» - жаIэу, Ауэ а лIыжь Іушыр абыхэм едэуакьым: «Фльагъунщ ар зэрыхъу!» - жьхуиIэу. ИкIи «симыгъэбауэ» ильэситIкIэ сигъэсащ. У тыку сригъэхьакъым, ауэ щхьэ кьэIэтыпIэ кьызимыту сигъэхьэзыращ, итIанэ хамэ кьэралхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэхэм сишэн щIидзащ. Ещанэ, етIуанэ увыпIэ хэр кьэсхьырт, жьпIэнэуракъэ, мыеIуэ зыкъэзгъэлъагъуэр т, ильэсым кьриубыдэу 5-6 кьерал зэмылIэужьыгъуэхэм щрагъэжIуэкI зэхьэзэхуэхэм дыкIуэрт. Адрейхэр зэхьэзэхуэ зытIущым фIэкIа зэрымыкIуэр кьэплыстэмэ, зы щыхум и фэ кьыдэпхыну ар куэдыуэт, хэт ищIэрэ, апэ увыпIэхэм сыщIыпIэмыльэщри арагъэнт. Гуп кьыхэхам сыхагъэхьэу зымыда тренерхэм аргуэру жаIэрт: «Пльагъуркъэ? Апэ увыпIэ кьыхуэхьыркъым абы! ИкIи кьыхуэхьынукъым!» Арщхьэкlэ Сапуновыр и псалъэм яхутекIыртэкъым: «ЗикI фыхуэмышынэ. Мыгувэу фльагъунщ абы хуэзфIэкIыр!» - яжриIэрт. 2003 гъэр кьихьэри, щыщылэ, мазае, гъатхэпэ мазэхэм екIуэкIа зэхьэзэхуищми апэ увыпIэхэр кьыщысхьауэ, езы лIыжьыр тренер нэхъыщхьэм и кьулыкъым трагъэжIащ. Апхуэдэу щыхьэм, сэри си Iуэхухэм зэуэ захъуэжащ, европей чемпионатым самыкъуэу, нэгъуэщI щIалэ здашати, ари темыкIуауэ кьэкIуэжащ.

- Абдеж уи Iуэхухэр щызэблэум, адэкIэ дауэ хъужа?

- Пэжым ухуеймэ, гугъу сехьащ. Сыту жьпIэмэ, гуп кьыхэхам сыхэти хуэдэт, ауэ сыт хуэдэ зэфIэкI збгъэдэмылъми, си Iуэху зыгъэкIуэтэн сиIэтэкъым. Си гъэсакIуэ Битокъу Юри и узынщагъэр тIэкIу зэкIэлъымыкIуэ хьуат, и щхьэ и Iуэхут, спортми нэхъ пыIукIуэтат. Абы ирихьэлIэу Краснодар щекIуэкI Урысейпсо чемпионатым сыхэтащ, ещанэ увыпIэ фIэкIаи кьыщысхьатэкъым, ауэ зэхьэзэхуэм еплъыну нэкIуа абдеж щIалэхэм гу кьыслъатащ.

- Хэт сымэт ахэр?

- Ахэр нужьыкIэ си тренер хьуа Кьардэн Анзорр КъБР-м и спорткомитетым и унафэщI АфIэунэ Аслъэнрэт. А лъэхъэнэ спортым дихьэх щIалэгъуалэр зыхуеIэ «Гладиатор» спорт клубыр кьэунэхуат, ауэ абы и лэжьыгъэр нэхъыбэу зыхуэунэтIар дэюдорат. Арати, Кьардэн Анзоррэ АфIэунэ Аслъэнрэ зэчэнджэщу, кьыздэIэпыкъуну мурад щащIым, «Гладиатор» спорт клубыр кьэзэзыгъэпэща Хьупсырокъуэхэ Назиррэ я Iэтащхьэ Муратрэ епсэльащ, итIанэ сэ а клубым сыхатхащ. Кьардэн Анзор гъэсакIуэу кьызэатхри, нэхъ укъуэгушIуэ зэдэлъжьэн щIэздзащ. Кьыхэгъэщын хуейщ Анзор езыр си ятэ тренер Битокъу Юрэ и гъэсэну зэрыщытар. НэгъуэщIу жьпIэмэ, Юрэ абдежи си гъащIэм кьыгуэкIыпIэ имыIэу хэтт. Шэч хэмылъу, гугъу зыкьыздрагъэхьащ Кьардэн Анзори, АфIэунэ Аслъэни, Хьупсырокъуэхэ я унагъуэми.

Пэжыр ныкьуэм щIигъуат Кьардэнымрэ сэрэ дызэрызэдэлажьэри, а пIалъэм кьриубыдэу диIа ехьулIэныгъэхэри нэрылъагъу кьэхьуу, текIуэныгъэ кьыщыскхьлIэ, абы пэкIуэ ахьшэ гуэркэри кьысхэхьуэу щIидзат...

- Адэкlэ нэгъуэщI лэжьапIэ умылъыхьуэми хьунут...

- НтIэ, си унагъуэ щхьэкIэ сымыгузавэу, ахьшэ гуэр кьэзлэжьу, си анэм сомкIэ зыщIэзгъэкъуэф сыщыхьум, нэхъри сигурI си псэри етауэ, Іуэхум нэхь сытегушхуащ, адрей ехьулIэныгъэхэри абы кьрикIуащ.

- Аслъэнбэч, бэнэкIэ Iэзагъым кьыздэкIуэу «спорт философиекIэ» уэздж эм хьун гупсысэ щыIэ?

- Абы спорт философиекIэ уеджэ мыхьэнкIи хьунщ, ауэ гупсысэ пыухыкIа кьыззэрызэщIибыдэр хьэкъщ. Пэж дыдэу, спортым удехьэх, уегъасэ, уепсыхь, бэщэч уещI, ерыщагъ кьыпхелхьэ. Пасэрей адыджхэм зэрыжаIауэ, Iэпкlэпкъ псыхьам псэри егъэузынщэ. Апхуэдэу ущымыту, зыбукъуэдиин кьудей щхьэкIэ физкультурэ щIыкIэ спортым ехьулIэныгъэшхуэ ущIэнукъым. ИщхьэкIэ зи гугъу сщIа кьомым сыт сыщIытепсэльыхьыжар? Псыежэхым хуэдэу зэпымыууэ уи Iуэху дэкIыу щытккым, лъэпощхьэпоунши ухъурккым, ауэ абыхэм ерыщу хьжьебэжьэуфрэ, узыщIэ. Хьуэпсыр Iэщыб умыщIэ, «СщIэми злэжьми мыхьэнэ иIэкъым!» - жыпIэу, умытIысыжмэ, сыт хуэдэ Iуэхуу щытми, узыпрэтым и хъер итIанэщ щыпльагъунур. Нэхъыщхьэр бэщэчу икIи ерыщу, тэмакъкIыкIыу икIи зэпIэзэрыту ущытIыныщ. Арауэ кьыщIэкIынщ спорт философие кьудейуэ щымыту, гъащIэ еплъыкIэм и гупсыс сэ нэхъыщхьэ хьужьр.

- АтIэ удэзыхьэхыу, адэкIэ уигъэкIуатэу, нэхъыбэм ущIигъэхъуэпсу сыт спортым хэльыр, мылъку зэрыщыгъ кьыпэкIуэнкIэ хьуну зэрыщытым кьыщынэмыщIауэ?

- Пльагъуркъэ, мылъку кьыззэрыпэкIуэм нэси хьарзынэщ (*мэдыкъэшх*), ауэ, щэч хэмылъу, нэхъыщхьэр аракъым. Си щхьэкIэ ар нэхъ пасэу икIи фы дыдэу кьызгурыIуаш. «АтIэ сыт?» - жыпIэмэ, спортыр гъэунэхупIэщ. Уэ пхуэдэ зыуэ утыкум кьихьэ хьэрхуэрэгъур зэрызытумыгъэкIуэным сыт хуэдизкIи ухущIокъу. Ар кьыщомыхьулIэ мызэ-мытIэу кьыщыхьукIэ, сыткIэ сэ кьызэфIэкIэр, жыбоIэри Iэмал кьыхуэплъыхьэуэ щыбодзэ, апщIондэху уи Iэкlуэлъакlуагъым зэрызэбгъэхъуэным уолэжь. Си гугъэмкIэ, апхуэдэ хьэл дэтхэнэ щIалэми щысабийм щегъэжьауэ хэлъщ. Бэнэкlэм зыхуэзгъэсэн ипэкIэ, кьуажэбгъу «зэхьэзэхуэхэм» дыщыхэтым щыгъуи, сыхуейтэкъым сэ схуэдэ зы щIалэ щыкIу зыт езгъэжIкIуэну, ар кьыззрызмыгъэхьунми хуабжьу сыхущIэкIыжрт. Ауэ, зэрыжаIэщи, укъыхамыгъэщIауэ, текIуэныгъэм и IэфIыр зыхэпщIэркъым. Ар щхьэ сэ кьыстекIуэн хуей, жьыбоIэри уегъэныкъуакъуэ, утекIуа нэужьи, уи хьэрхуэрэгъум укъыхитгъэщIэжьну Iэмал зэрымытыным ухущIокъу. Сэ схуэмыщIэну сыт абы хэльыр, щыжьпIэкIэ, арауэ кьыщIэкIынщ нэхъыщхьэ дыдэу, спортым уэыIэпызышэр.

- Аслъэнбэч, Олимп Джэгухэм кьыщыпхьа текIуэныгъэр инт икIи дахэт. Ауэ абы унэмысу, сыт хуэдэ зэхьэзэхуэра уи кьарур зэкъуигъащIэу, нэхъ ущыгуфIыкIыу ущытекIуауэ щытар?

- Пэжым ухуеймэ, сэ си дежкIэ ахэр зэхэхауэ е зэкIэлъыхьауэ щыткым, уеблэмэ алэрыбгъум сыщыщпэщIэувахэм я цIэхэр сигу изубыдэркъым, ижькIэ ныбжьэгъу кьыскхуэхьуа зыбжанэм я гугъу умыщIмэ. Урысеймии хамэ кьэралхэми, дэнэ щыпIэ сыщымыбэнами, сызыхущIэкъур зыт - Олимп Джэгуэм сыхэхуэныр. СызэпIэщIэувэхэр зыхуэдэмрэ зыхуэдизымрэ сыщIемыгупсысри, абы гулъытэ хэха щыхуэзмыщIри арат - си дежкIэ ахэратэкъым нэхъыщхьэр. ИкIи текIуэныгъэ кьэс зыхэсщIэрт Пекин нэхъ гъунэгъу кьыззэрыхьур. Сэркlэ зэхэгъэкIыпIэ нэхъ ину щытар бэнакIуэ щхьэхэ физкультурэ пщIыкIэ спортым ехьулIэныгъэшхуэ ущIэнукъым. ИщхьэкIэ си гугъу сщIа кьомым сыт сыщIытепсэльыхьыжар? Псыежэхым хуэдэу зэпымыууэ уи Iуэху дэкIыу щытккым, лъэпощхьэпоунши ухъурккым, ауэ абыхэм ерыщу укъебэжьэуфрэ, узыщIэ. Хьуэпсыр Iэщыб умыщIмэ, «СщIэми злэжьми мыхьэнэ иIэкъым!» - жыпIэу, умытIысыжмэ, сыт хуэдэ Iуэхуу щытми, узыпрэтым и хъер итIанэщ щыпльагъунур. Нэхъыщхьэр бэщэчу икIи ерыщу, тэмакъкIыкIыу икIи зэпIэзэрыту ущытIыныщ. Арауэ кьыщIэкIынщ спорт философие кьудейуэ щымыту, гъащIэ еплъыкIэм и гупсыс сэ нэхъыщхьэ хьужьр.

- АтIэ удэзыхьэхыу, адэкIэ уигъэкIуатэу, нэхъыбэм ущIигъэхъуэпсу сыт спортым хэ-

●Ди зэманым и лIыхъужь

Зы тэлай дэкIмэ, Хьущт Аслъэнбэч Олимп чемпион хъунущ.
Пекин, 2008 гъэ, щыщхьэIуи и 14.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен Олимп чемпионым йохьуэхьу.

Урысей Федерацэм и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и дэIэпыкъуэгъу Хьупсырокъуэ Назир и псалъэ.

Хьущт Аслъэнбэчрэ Аккаев Хьэжмуратрэ ягъэльэпIэну Театр ЩхьэантIэм цIыху минитхум нэс кьекIуэлIащ.

Олимп лIыхъужьхэр щаIэт пшыхьым.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Пекин нэхъ гъунэгъу къызэрыхъур

- Абдеж тIэкIу нэфI-ней хэлъауэ жаIэри, пэж?

- Европей чемпионатым сыхамыгъэхуэну зи гугъа зэрыщыIар пэжщ. Ауэ а зэхьэзэхуэм текIуэныгъэ къыщысхьа нэужь, езыхэри тIэкIу зыщIэгупсысжауэ къыщIэкIынщ, адэкIэ си гугъу къащIыжакъым, къыспэрымыуэу, «Олимп Джэгухэм зыхуэзгъэхьэзыр!» - къыжаIащ.

Поддубнэм и цIэкIэ Москва деж щыIэ зэпеуэр щыщыIэ мазэм зэфIэкIри, дунейпсо кубокыр къэхьаным иращIэкI чемпионатыр (абы папщIэ къэралхэм я гуп къыхэхахэр зэпоуэ) Баку щекIуэкIа нэужь, ящэ увыIпIэ къэзыхьа къэрали 8-м я лIыкIуэхэр Мэжэрым (Венгрием) щызэхуэзэжри, абдеж щызэпэщIэуващ, я къэралхэм я цIэкIэ бэнэну. Къыхэгъэщыпхъэщ, гъэ къэс екIуэкI а зэхьэзэхуэм ильэситху хъуауэ Урысейр зэрыщытемыкIуар, абы къыхэкIкIэ, ди текIуэныгъэм ди къэралым дежкIэ мыхьэнэшхэ зэриар. Ауэ а псом иужькIэ зы пхъэ щIалэ лъэрыхь къыкъуэкIри, ар европей зэхьэзэхуэм ямышэнкIэ Iэмал имыIэу къагъэуват. Поддубнэм и цIэкIэ зэхьэзэхуэм сэ абы сыщытекIуат, ауэ лъэкIыныгъэ зиIэ цIыху куэд къыкъуэтти, ар япэ ирагъэщэ нэжь къащтэт. Апхуэдэу щыхъуи, захуагъэм и телъжьэу, сэри къысцихьэщыжьи щыIэти (ахэр КъБР- м и Президент Къанокъуэ Арсен, Къубэрокъуэ Назир, нэгъуэщI щIалэ лъэрыхьхэр), Iуэхум къыхьхэри, ирагъэдащ.

- Ар дауэ? А щIалэм ущытекIуакIэ, нэгъуэщI лъэпощхьэпо къыхэкIын хуейт?

- А щIалэм Поддубнэ Иван и цIэкIэ зэхьэзэхуэм сыщытекIуащ, ауэ абы иужькIэ Сочэ щэнейрэ сыщыпэщIагъэуващ, «Хьуакъым, иджыри зэ ебэныжьI» - жаIэурэ. Щэми сыщытекIуэм, «Сыт тщIэнтIэ?» жыхуаIэу, си лъэщагъым арэзы дэхъун хуейуэ еувэлIащ. Ауэ а щIалэмрэ сэрэ дыщызэбэна зэIущIыщым ящыхэзыхьу тIасхъэ сыкъэхьуамэ, адэкIэ къэскIуну спорт гъуэгуанэм сытрагъэплъэнутэкъым. Абы и ужькIэ зэхьэзэхуэр езыгъэкIуэкIэр, тренерхэр къызэрысхуэщытым зихьужжащ, «ТщIэрт къызэрыпхынур!» - жаIэу хьуащ. А псори къызыхэкIыр спорт умафэщIэжэн и гум ильар?

- «Тхъэм и кьарур инщI» - жыбоIэ. Пекин алэрыбгъум утету, узэрытекIуар щызэхэпхым, уи Iэпхъуамбапшэр зэрыхэпIэтыкIар тлъэгъуащ. Арат абы щыгъуэ жыпIэр? Сыт а дакьикъэхэм уи гум ильар?

- «Алыхьыр закъуэщI» - жысIащ. Сэ сытемыукIытыхьу жысIэфынущ фIэщхъуныгъэ си гум зэрильар. Ислам диным кьигъэув кьалэн псори схуэгъэзащIэу щымытми, кьызгуроIуэ дыкьынгъэщIауэ, ди натIэ ильэ зэриГакIуэу нэрымыльагъу кьарур зэрыщыIэр. ФIэщхъуныгъэ пхэIыпхьэкIэ дин лэжьакIуэу ущытынкIэ Iэмалынщэкъым, муслымэнми, чристэнми, иудейми, буддистми зэхэзд иIэкъым, нэхъыщхьэр уэзэримызакъуэр уи фIэщ хуынращ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, уи Iэпщэ къарумрэ уи щхьэилымрэ ущыгугъыжу дунейм утет хъунукъым. Сыт абыкIэ жысIэну сызыхуейр? ФIэщхъуныгъэ зиIэ цIыхум нэгъуэщIым и жагъуэ зэримышIыным, хьэрэмыгъэ зэримылэжьыным, пцIыIуэпцIышэу зэрыщымытыным хущIэкъуу, захуагъэмрэ пэжымрэ я тель хьэу мэпсэу, и мыIу зху зэриухуэркъым, и мыпщIэнтIэпс зрихьэлIэркъым. Араш, сэ сыззэреплымкIэ, диным и дахапIэри и фIыпIэри.

- Иджырей Олимп Джэгухэм я «къэхъукIащIэ телъыджэм» - Китайм щыщ спортсменхэм я зыкъэгъэльэгъуэкIам - уэ дауэ уеплъэр, Асльэнбэч? Сыту пIэрэ кьызыхэкIар абыхэм дыщэ медаль нэхъыбэ дыдэ кьахьыныр?

- Абы щэху гуэри хэльыкъым, кьыбгурымыIэную щытткъым. Олимпиадэр езыгъэблагъэ къэралу зэрыщытым кьыхэкIкIэ, абы и спортсменхэм допинг кьэпщытэныгъэ яIакъым. Хэти кьыгуроIуэ дунейпсо рекорд жыхуаIэм килограмм 15 - 20-кIэ щIигъуу кьэпIэтын щхьэкIэ сыт хуэдэу кьарууфIэу ущытын хуейми. ЦIыхухъухэр ауэ кьэнауэ, бзылъхугъэхэм (я хьэльагъ елъытауэ ахэр категорие 11-у зэщхьэщокI) я напщIэ мыхуадэу апхуэдэ рекордхэр ягъэувырт. Атлетикэ хьэльэмкIэ Китаймэ ейуэ Олимпиадэм цIыхубзипщI хэтати, 10-ми япэ увыпIэр кьахьащ, ари дунейпсо рекордым кг 10 - 15-кIэ щIрагъэгъуу. Абы щыгъуэми, япэ щыкIэ адрейхэм кьаIэтыфынур зрагъэльагъурти, итIанэ абы кг зыбгъупщI щIыгъужауэ кьащтэрт, цIыпэ кьалэтауэ кьащымыхьуу. Зэ еплъыгъуэкIэ умыгъэщIэгъуэнкIэ Iэмал имыIэу телыджжэщ, ауэ Iуэхур зэхэгъэкIмэ, и лъабжьэм зыгуэр кьыхэзгъэщIэлъри нэрылъагъущ.

- Инглиш Миркэ утекIуауэ, утыкум укьыщикIыжам, хэт сымэ нэхъапэ кьохьуэхъуахэр?

- Алэрыбгъум сыкьытекIыу си гъуса щалэхэм - си тренер Кьардэн Анзор, рэ КъБР-м и бэнакIуэхэм я федерацэм и вице-президент Тембот Анзоррэ кьызэхъуэхуа нэужь, арат хабзэрэ, занщIэу допинг кьэпщытэныгъэ щрагъэкIуэкI пэшым сашащ. Абы сыкIуну сыздежьам, Темботыр нысхIэльыбзэри и жьэп телефоныр нысхуиширящ: «Мэт, едаIуэт!» - жиIэри. Си тхьэкIымэм щыхуэхсхьым, кьызэпсальэр хэтми сыщIэмыупщIэу кьызэгурыIуащ - Къэбэрдей- Балькъэрым и Президентырат. Абы иужькIэщси аным и деж сыкьыщIосэльар, нэгъуэщIхэм я псальэ кьыщыслъэIэсар.

- Пекин кьалэр уигу ирихьа?

- Дахэт, абрагъуэт, щыхуэ кьуэд дыдэ щызэкIуэрт. Езы кьалэдэсхэр мащIэтэкъым, Олимпиадэм еплъыну, абы хэтыну кIуа щыхуэ кьомыр абы яхэтыжти, зекIуапIэ имыIэ жыхуаIэм хуэдэу щыхуэ зэпымыууэ Iувт. Псальэм кьыдэкIуэ жыпIэмэ, сэ щыпIэ куэд слъэгъуащ, Европэми Азиеми мызэ-мытIэу сыщыIащи, Санкт-Петербург нэхьрэ нэхь кьалэ дахэ зэкIэ слъэгъуакъым.

- Щхьэхуэу утеэгъэпсэльыхьыну сыхуейт Красноярск жыжьэм укьызэрыщыхута щыкIэм, абы щыIэ спортклубым и цIэкIэ Олимпиадэм зыкьыщыбгъэльэгъуэн хуей щIэхьуам.

- Красноярск сезыгъэблэгъа гъэсакIуэ Тамэин Михаил урысейпсо зэхьэзэхуэхэм языхэзым нэIуасэ сыщыхуэхьуауэ щытат Си IэбэкIэр, бэнэкIэр зыгуэркIэ игу ирихьа хьунти, сыхуэзэху кьызжиIэрт Сыбырым сызэдишэну, а кьалэм и цIэкIэ сигъэбэнну зэрыщIэхьуэпсыр. А лъэхъэнэм сэ еджэныр нэзгъэблэгъат, ауэ Кьэбэрдей-Балькъэрым си спорт Iуэхуэр щыдэкIыртэкым, «Гладиатор» клубми иджыри сыхэттэкъыми, здэзунэтIынур сымыщIэу гугъу сехьырт. Апхуэдэу щытми, зыгуэр кьысхуэзыгъэльагъуэм и деж сежэжьакъым, си анэми, кьызэдальхуахэми сегупсысырт, дауэ мыхъуми унагъуэм я цIыхухъу нэхъыжьыр сэрат.

Сытми, ильэсым щIигъукIэ кьызэльэIуа нэужь, сытегушхуащ Красноярск сыкIуэу си кьуэ згъэунэхну. А хэгъэгуэм ильэситI кьэс зэ «Сибириадэ»-кIэ зэджэ зэхьэзэхуэ щокIуэкI, спорт лIэужьыгъуэ псори кьызэщIиубыдэу. Абы зыкьщыкъгъэльагъуэри, Красноярск и цIэкIэ япэ текIуэныгъэр кьэсхьащ. СызэрыщIэрэ тхьэмахуэм щIигъуатэкъым сыкъыщалъхуам хуэдэу а щIэпIэм сыщесам, ныбжьэгъу хуэдэ сиIэ щыхъуам. Абыкъэ апхуэдэу си Iуэху щызэтезублащ, мыдэкIи зэрыжысIам хуэдэурэ кьекIуэ-кIащ.

- Красноярск ущыщыIа лъэхъэнэм ирихьэлIэу унагъуэ щыпщIар? Уи щхьэгъусэ Маринэрэ уипхъу Салимэ щыкIурэ я гугъу кьытхуэпщIамэ ди гуапэт.

- Араш. Щхьэгъусэ схуэхьунур си кьуэш Алимбэч кьыде дж0рт, щIэ х-щIэхьуэ-рэ псэльэгъу сыхуэхьурт, си мурадхэр жесIэрт, и Iуэху еплъыкIэхэр кьасщIэрт. «Спор тымкIэ дунейпсо мастер» разрядыр кьыщысхьам, «Джылахъстэнейм япэ дыдэу апхуэдэ цIыльагэ кьыщыIэзыхьар уэращ!» - жиIэри Тэрч куей администрацэм и Iэтащхьэ Пэнагуэ Максим ахьшэ саугъэт кьызэитащ, мыдэкIэ нэгъуэщI щIалэхэри апхуэдэу кьыхсхуэупсати, абы нэхъыбэ ухуейт, ущIалэмэ, уигу ирихь пщащэ щыIэмэ?! (*кьыпог1ф1ыкI*). ГъащIэм нэгъуэщIынэкIэ сригъэпльащ, нэгъуэщI гуэру сыгупсысэ сищIащ Салимэ щыкIу дунейм кьызэрытехьам. Иджы кьызгроIуэ сызыхущIэкъум и мыхьэнэри, сщIэр зыхуэунэтIари. Ар кьызэральхуэр дэкIа мазищIым утыку сихьауэ, зэи сфIахьакъыми, Салимэ си насыпи щыгъэ сольытэ.

- Олимп Джэгухэм кьраха дыщэ дамыгъэхэр, дызэрыщыгъуаз эщIи, иджыкъым япэу ди республикэм кьыщрахьар. Абы жыжьэ кьыщежьэ тхьыпэ пIэщ. Ауэ абы и закъуэкъым спортым хуэIэкIэльэкIуэ щIалэгъуалэ ди щIыпIэм кьызэрихьукIым щыхьэт техьэр. ЗэрыжаIэу, спортсмен лъэрыхь «кьызыхэпщыкIын» ди куэдщ. Уэ дауэ уеплъэ, ди республикэм и спорт IэнатIэр иджыпсту сытым Iут?

- Зы псальэкIэ жыпIэмэ, кьызыхэпщIыкIыни абы елэжьыни, пэж дыдэу диIэщ. ИтIанэ кьыхэгъэщIыпхъэу кьызолытэ, нэхъапэхэм елъытауэ, иужьрей ильэситI-щым ди республикэм спортым зегъэужьыныныр щIалэгъуалэ IуэхущIэр уэрамым кьыдэщIыныр гульытэ нэхьыбэ зэрыщыхуэщIыр. Абы кIэ фIыщIэ зыхуэщIыпхьэр, сэ сыззэреплымкIэ, ди хэку тхьэмадэ Кьанокъуэ Арсенщ. Кьэрал кьулыкъу зэрызэрихьэм кьыдэкIуэу, ар и Iэтащхьэщ республикэм и бэнакIуэхэм я федерацэм. Спортым игъуэт гульытэр нэрылъагъу кьащI футболым ди щIыналъэм зэрызыщиужьами, шахматымкIэ цIыхубзхэм я ди нейпсо зэпеуэр мы махуэхэм Налшык зэрыщекIуэкIми. Дзюдэм, боксым, атлетикэ хьэлъэм, нэгъуэщI спорт лIэужьыгъуэхэм зегъэужьныр ди Президентым республикэ кьулыкъущIэхэм пщэрыль зэращIам, Европэм пыухыкIауэ зы спорт Iэнатlэм зэрырипхам, куейхэм спорт клубхэр зэрыщаауэ эм, кьужакъ кьэс зыгъэсапIэ пэщхэр кьызэрыщызэIуахам куэд кьыбжеIэ. Абы нэмыщIкIэ сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ ядэлажьэ гъэсакIуэхэм я улахуэхэм хагъэхьауащ, зыпэрыт Iэнатlэм гупсэхугъуэ кьариту ирахьэкIым, ягури я псэри етауэ лэжьэн папщIэ. Хэт и дежкIи гурыIуэгъуэщ, ди зэманым сом минитI-щыкIэ упсэну тыншкъым. Уи бын пхуэмыгъэшхэжу, нэгъуэщIым и бын сытым хуэбгъэсэн?! Апхуэдэу щымытын щхьэкIэ, тренерхэр улахуэкIэ арэзы ящIауэ ягъэлажьэ. Си гугъэмкIэ, апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр куэд и уасэщ, итlанэщ гъэсакIуэхэми сабий нэхъыбэ спортым щыдграгъэхьэхыфынур.

- Иджыпсту уэ уи зэфIэкIыр куэдым я дежкIэ щапхъэщ, укьыдагъуэ, укьалытэ. Уэ кьыплъысу сыткIэ сэбэп ухьуфынур ди республикэм спорт Iэнатlэм зыщыжьыныкIэ?

- Дауэ мыхъуми сяужьым ныбжьыщIэ нэхъыбэ кьызэриувэным сыхущIэкъуну. Нэхъ щхьэтечу жыпIэмэ, зэхьэзэхуэхэм сызэрыхэтым кьыдэкIуэ, ар хуабжу гугъу дежьащ сабийщыр зыхуэИ хуэзэу кьэгъэхьуным. Аслъэнбэч и кьуэш Алимбэч щIалэ хьарзынэщ, зэфIэкIрэ хэлъэтрэ иIэщ, и щыпхъу Нинэ унагъуэщ, лъэпкъ хэсщ.

Абыхэм я дежи щынэрылъагъущ Аслъэнбэч кьызыхэкIа унагъуэм иль хабзэр, цIыхугъэр, гъэсэныгъэр.

Европэм и чемпион хьуауэ кьыщыкIуэжам, Аслъэнбэч жетIат: «Йджы кьыщыкIуэжам, Аслъэнбэч и чемпионыгъэ ящIэнкIэ, Олимпиадэр кьыумыхьу хьунукъым. АбыкIэ хуабжу дыпщогугъ!» Егъэлеяуэ дыхуейт ди кьуажжэгъур Олимп Джэгухэм щытекIуэныр, кьыдита псалъэр игъэпэжащ, жиIам тетыф адыгэлIу кьыщIэкIащ.

- Кьащтэмэ, цIыху псори зэхуэдэкъым, - кьыпещэ и псалъэмакъым Цырхъуо Славэ. - Мыпхъуащхъэ зэригъэгъуэтауэ, цIэрыIуэ хъуауэ, ахъулIэныгъэ лъагэ гуэрхэм лъэIэсыфауэ зыкъызыфIэмыщIыжыр мащIэ дыдэщ. Аслъэнбэч зэрыщIыкIуэрэ соцIыхури, зыгуэр щыхуэныкъуэи, нэхъ зыкъыщиужьаи, дуней псом цIэрыIуэ щыхъуэ нэужьи, а зы пIэмрэ зы хьэлымрэ итщ: нэхъыжьым пщIэ хуещI, нэхъыщIэм сыт хуэдизкIи зыщIегъакъуэ, егъэгушхуэ, сэбэп зэрыхуэхъунум хущIокъу. Щыпэ хъункъым зэгуэр зи жагъуэ ямыщIа цIыху, ауэ Аслъэнбэч щысабийм игу ежэлIэн зэхихакIи (адэнэшэу кьэхъу щIалэм гузэрыдзэ щIидыщIи мащIэ хъунтэкъым), «згъэгъункъым!» зи жиIакъым. Псэкупсэ кьаруу зыхалъ дэтхэнэ цIыху лъэрызэхэмэи хуэдэу, Аслъэнбэч гушхуэ кIуэцIыльщ, гущIэгъуэ иIэщ.

Апхуэдэ псалъэмакъэм дыхэтурэ, махуэр кIуащ, хьэщIэхэри нэхъыбэ къэхъуащ. Я кьуажжэгъуэ чемпионыр кьыщыдыхьэжьнур кьахуэмыгъэсу щIалэ цIыкIухэр зэхэзэжэ, нэхъапэ кьэзылъагъунум щхьэкIэ зонымкъэ.

ГъэщIэгъэнщ, ауэ Аслъэнбэчрэ и унагъуэмрэ зэрыс машинэр кьуажэм кьыщысыжам ирихьэлIэу уэшхри теужат, дунеймэ зиIэтыжауэ кьыпщыхьурт. ФIэхъусыж гуапэкIэ ирагъэблагъэжа чемпионыр шым ягъэшэри кьуажэ уэрамхэм кьрикIуащ. ХьэщIэхэри кьуажэдэсхэри куэду кьыщIэзэхуэса клуб бжэIупэм деж Аслъэнбэч батырыбжьэ кьыщыщIэщIагъэуващ, зэхьэзэхуэхэм щытекIуэнымкIэ насып щыгъэ хуэхъуауэ кьилъытэ ипхъу цIыкIум и сурэт зыдэлъ дыщэ медальони кьратащ. Аслъэнбэч кьыщыхэкIа лъэпкъым, зыпIа и анэм хьэхъуэкIэ зыхуаГаззэу, гуфIэгъуэ зэIущIэм кьыщыпсэльащ Тэрч районым администрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэ КIарэф Мурадинрэ Белогорнкэ кьуажжэ администрацэм и унафащI Цырхъуо Вячеславрэ. Лъэпкъым я нэхъыжьхэм кьабгъэдэкIыу кьызэхуэсахэм фIыщIэ яхуищIащ Хьущт Юрэ.

Жэщыр хэкIуэтэку Абейкъуажэ ЦIыкIум пшынальэмрэ Iэгуауэ макъымрэ щхьэщытащ, Олимп Джэгухэм я чемпион Хьущт Аслъэнбэч папщIэ жаIэ хьэхъуэжьам яIэту, щIалэгъуалэм бжэIупэ джэгур зы дакьикъи зэпамыгъэууэ.

ТЕМРОКЪУЭ Дахэлинэ.

Пекин. Олимпиадэм и чемпион хьуащ.

Зэдэльхуэзышпхъуэхэр *(Аслъэнбэч ильэсищ мэхьу). 1983 гъэ.*

Нинэ, Алимбэч, Аслъэнбэч *(1987 гъэм и гъатхэпэ).*

Хьущтхэ я унагъуэр Тэрч кьалэ щопсэу. *2008 гъэ.*



Чемпионыр «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ гупым яхэту. *2008 гъэ.*

Джылахъстэней пелуаныр ягъэлъапIэ

И джыблагъэ зэхуэс дахэ щекIуэкIат Тэрч районым хьыхэ Белоглинкэ (Абейкъуажэ Шыкулкэ зэджэ) жылэм - XXIX Олимп Джэгухэм я чемпион Хьущт Аслъэнбэч кьыщыхъуа, япэ лъэбакъуэхэр щичэ щIынальэм.

ДЖЫЛАХЪСТЭНЕЙМ сыт щыгъуи щIымащIэ уэшхри а махуэм етат, ауэ абы зыкIи игъэдэкъэртэкъым гуфIэгъуэм кьызэхуишэса кьуажэдэсхэри ящIэнкъуэхэри, зэхьэхьэм кьрагъэблагъа хьащIэхэри.

Хьущт Жаннэ зи унафащI Щэнхабзэмкlэ кьуажэ Унэм и зэIущIапIэ пэшхэмрэ абы и пщIантIэмрэ щагъэува Iэнэхэр щхьнагъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ гъэнщIат, гуфIэгъуэ зыIэт пшынальэр Абейкъуажэ ЦIыкIум щхьэщыт. Я кьуажэгъу щIалэ пелуаныр хуэфащэу кьызэрыгагъэблэгъэжьыным ягъэгъуэ зыкуагъэхьэзырт цIыкIуми инми: пщэдджьыжьым щегъэжьауэ зыхуеину псори щIалэхэм кьрашалIэрт, бзылъхугъэхэр пщафIэрт, пщащIэ Iэнэхэр ягъэщIэращIэрт, бжэлупэр зэлъыIуахьрт, лъэпкъым я нэхъыжьхэр жьантIэм дэст, уэрэшэру, я унэцIэр кьыщежьэм, и кьекIуэкIыкIам, я щIэблэр зыхуэдэм тепсэльыхьу.

- Хьущтхэ я лъэпкъыр иджыпсту унагъуэ дапщэ хъуми бжьыгъэкIэ жысIэфынукъым, ауэ я лъапсэр Шапсыгъэмкlэ кьыщожьэ, - жеIэ ильэс 80 зи ныбжь Хьущт Гъэтэн. - Джылахъстэнейм иц зэгунэкъуэщхэм ди нэхъыжьыр Хьущт Iэмэтщ, Исльэмей кьуажэ щопсэу, узынщагъэкIэ зэкIэльыкIуэ хъуащи, мыпхуэдэ зэхьэхьэхэм кIуэжьфыркъым.

Абы и псалъэмакъым кьыпищэу Хьущт Измудин жиIащ архив дэфтэркIэ щIэгъэбыдыхьауэ я лъэпкъым теуха тхьапэ хьарзынэ нэгъабэ кьызэрыдэкIар, ар КъБКъМА-м и профессор Хьущт Юрэ и Iэдакъэ кьызэрыщIэкIар.

- УнэцIэр кьыщежьари, Къэбэрдейм кьызэрыкIуа щIыкIэри а тхьылъым кьыщыгъэльэгъуащ, - пещэ Измудин. - Сэ абы сытепсэльыхьыныкъым, ауэ кьыхэзгъэщыну сыхуейщ Къэбэрдей-Балькъэрым щыпсэу Хьущтхэ Шапсыгъым кьикIа зэкъуэшищым кьазэрытехьукIар. Тхьылъыр кьыщыдэкIам, ди гугъат абы лъэпкъ зэхьхьэ етщIэжьы дызэрыщыхужьыну, дызэрыльагъуну. Краснодар краймэ, Адыгеймэ щыщ ди къуэшхэр, Куба кьуажэм дэсхэр, мыдэкIэ Тэрч куейм хьIхьэ жылэхэм щыпсэу ди унэкъуэцIэр зэхуэшэсыным пыща Iуэхуэхэр зэрызэфIэтхынум дегупсысу, Аслъэнбэч и хъыбарыфIым дызэкIигъэплъэжащ, абы дехьуэхъун щхьэкIэ дыкъуэзэсащ. Дапэкlи и мурадхэр кьекъуэлIэу, узыншэу, псэукIафIэу дунейм тетыну дыхуохъуахъуэ ди шыпхъэщIэм. Лъэпкъым и мызакъуэу, адыгэм и цIэр иIэтащ, къыщыхъуэ республикэри Урысейри игъэлъэпIащи, и щхьэр лъапIэу Тхьэм игъэпсэу. Дызэрикъуэшым щхьэкIэ дыщытхъужу кьыфщымыхъунумэ, жысIэнут Аслъэнбэч цIыкуГъэкIи гъэсэныгъэкIи дэбгъэщэн зэрыщымыIэр. Спортсмен Iэчлъэчу зэрыщытым кьыдэкIуэу, зэмысшхуэ хэлъщ, зэпIэзэрытщ.

- Джылахъстэнейм щыIэ ящхьэ нэхъ щыкIу дыдэщ Белоглинкэ, - жеIэ щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Цырхъуо Вячеслав. - Унагъуэ 89-рэ (щIыху 436-рэ) къудейщ зэрыхъур. Ныбжькъэ нэхъ «щIалэу» кьэплъытэ хъунури ди къуажэрщ - АбейкъуажэшхуэкIэ зэрджэм (Урожайнэм) кьыфIэщIыкIауэ 1924 гъэм мы щIыпIэм кьитIысхьат. Абы щыгъуэм кьэIэпхъуа унэцIэ 19-м я щIэблэщ нобэ жылэм дэсхэр.

Ди къуажэр цIыкIуми, щIэныгъэм, щэнхабзэм, гъуэздж и лэжьакIуэ цIэрыIуэхэр кьыдэкIащ, дызэрыгушхуэн цIыху ди мащIэкъым. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, Гъуэзджэмкlэ институтым и проректор, профессор Ащхьуэт Бесльэн, КъБКъМА-м и профессор Хьущт Юрэ, Музыкэ театрым и солист Шэджыкъэщ Аслъэнбий сымэ, нэгъуэщIхэри. Иджы Абейкъуажэ ЦIыкIум и щIэр дуней псом зэхэригъэхащ ди пелуан Хьущт Аслъэнбэч. И къуажэгъухэм я мызакъуэу, зэры-Джылахъстэнейуэ ди щхьэр лъагэу абы дигъэльагъужащ. А ехьулIэныгъэр ящIэ и пщIантIэпс-рэ гугъуехькIэ кьилэжьауэ щытми, сэ щхьэхуэу фIыщIэ ин хуэощI абы и анэ Татьянэ. Я адэр пасэу дунейм щехыжьым, ар хуабжу гугъу дежьащ сабиищыр зыхуэИ хуэзэу кьэгъэхъуным. Аслъэнбэч и кьуэш Алимбэч щIалэ хьарзынэщ, зэфIэкIрэ хэлъэтрэ иIэщ, и щыпхъу Нинэ унагъуэщ, лъэпкъ хэсщ.

Абыхэм я дежи щынэрылъагъущ Аслъэнбэч кьызыхэкIа унагъуэм иль хабзэр, цIыкугъэр, гъэсэныгъэр.

Европэм и чемпион хьуауэ кьыщыкIуэжам, Аслъэнбэч жетIат: «Йджы кьыщыкIуэжам, Аслъэнбэч и чемпионыгъэ ящIэнкIэ, Олимпиадэр кьыумыхьу хьунукъым. АбыкIэ хуабжу дыпщогугъ!» Егъэлеяуэ дыхуейт ди кьуажэгъур Олимп Джэгухэм щытекIуэныр, кьыдита псалъэр игъэпэжащ, жиIам тетыф адыгэлIу кьыщIэкIащ.

- Кьащтэмэ, цIыху псори зэхуэдэкъым, - кьыпещэ и псалъэмакъым Цырхъуо Славэ. - Мыпхъуащхъэ зэригъэгъуэтауэ, цIэрыIуэ хъуауэ, ахъулIэныгъэ лъагэ гуэрхэм лъэIэсыфауэ зыкъызыфIэмыщIыжыр мащIэ дыдэщ. Аслъэнбэч зэрыщIыкIуэрэ соцIыхури, зыгуэр щыхуэныкъуэи, нэхъ зыкъыщиужьаи, дуней псом цIэрыIуэ щыхъуэ нэужьи, а зы пIэмрэ зы хьэлымрэ итщ: нэхъыжьым пщIэ хуещI, нэхъыщIэм сыт хуэдизкIи зыщIегъакъуэ, егъэгушхуэ, сэбэп зэрыхуэхъунум хущIокъу. Щыпэ хъункъым зэгуэр зи жагъуэ ямыщIа цIыху, ауэ Аслъэнбэч щысабийм игу ежэлIэн зэхихакIи (адэнэшэу кьэхъу щIалэм гузэрыдзэ щIидыщIи мащIэ хъунтэкъым), «згъэгъункъым!» зи жиIакъым. Псэкупсэ кьаруу зыхалъ дэтхэнэ цIыху лъэрызэхэмэи хуэдэу, Аслъэнбэч гушхуэ кIуэцIыльщ, гущIэгъуэ иIэщ.

Апхуэдэ псалъэмакъэм дыхэтурэ, махуэр кIуащ, хьэщIэхэри нэхъыбэ къэхъуащ. Я кьуажэгъу чемпионыр кьыщыдыхьэжьнур кьахуэмыгъэсу щIалэ цIыкIухэр зэхэзэжэ, нэхъапэ кьэзылъагъунум щхьэкIэ зонымкъэ.

ГъэщIэгъэнщ, ауэ Аслъэнбэчрэ и унагъуэмрэ зэрыс машинэр кьуажэм кьыщысыжам ирихьэлIэу уэшхри теужат, дунеймэ зиIэтыжауэ кьыпщыхьурт. ФIэхъусыж гуапэкIэ ирагъэблагъэжа чемпионыр шым ягъэшэри кьуажэ уэрамхэм кьрикIуащ. ХьэщIэхэри кьуажэдэсхэри куэду кьыщIэзэхуэса клуб бжэIупэм деж Аслъэнбэч батырыбжьэ кьыщыщIэщIагъэуващ, зэхьэзэхуэхэм щытекIуэнымкIэ насып щыгъэ хуэхъуауэ кьилъытэ ипхъу цIыкIум и сурэт зыдэлъ дыщэ медальони кьратащ. Аслъэнбэч кьыщыхэкIа лъэпкъым, зыпIа и анэм хьэхъуэкIэ зыхуаГаззэу, гуфIэгъуэ зэIущIэм кьыщыпсэльащ Тэрч районым администрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэ КIарэф Мурадинрэ Белоглинкэ кьуажжэ администрацэм и унафащI Цырхъуо Вячеславрэ. Лъэпкъым я нэхъыжьхэм кьабгъэдэкIыу кьызэхуэсахэм фIыщIэ яхуищIащ Хьущт Юрэ.

Жэщыр хэкIуэтэку Абейкъуажэ ЦIыкIум пшынальэмрэ Iэгуауэ макъымрэ щхьэщытащ, Олимп Джэгухэм я чемпион Хьущт Аслъэнбэч папщIэ жаIэ хьэхъуэжьам яIэту, щIалэгъуалэм бжэIупэ джэгур зы дакьикъи зэпамыгъэууэ.

ТЕМРОКЪУЭ Дахэлинэ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

●Хъыбар

Тхьэмадэ махуэ

ЗЭГУЭРЫМ, чыракIуэ гупышхуэ загъэпсэхуну тIысауэ зэхэст. Дадэ гуэр блэкIти, мо щыхсэм жаIащ: «Ярэби, мо дадэм сыту адыгэ лIыжьыфэ тет».

Гуаузэ щыхъуащ ар дадэм: «ЛIыжьыр щымыIэж пэлыгъэщ, а псалъэмкIэ щхьэ кIыхьэджа?» - жиIэри. ИтIанэ зыкъигъазэри гупым еупщIащ:

- Фыадыгъ фо?

- Дыадыгъщ.

- Адыгэбзэ фщIэрэ?

- ДощIэ.

- АтIэ цыгурылыр сыт?

Ар жиIэри, дадэр жьэжащ. Зыкъомрэ кIуауэ, мыдрейхэр зэпэпыжащ: «Уэлэхь, мыхъун ар, цыгурылъым кIыкIыр зэдмыгъэщIауэ зыщIыпIи дымыкIуэн», - жаIэри, дадэм ирагъэупщIыну щIалитI ягъэкIуащ. ЩеупщIым, дадэм мыр къажриIащ:

- Адыгэбзэ фщIэуэ жыфIати. АтIэ ар дауэ, цыгурылым кIыкIыр фымыщIэу? ФыкъэдАуэтIэ. Уэншэку мастэшхуэм иридэн яуха нэужь, мастэнэм тIуащIэу кIынэращ цыгурылъ хъужыр. Араш, щауэ махуэхэ, - жиIэри, кIнутIыпщIыжащ щIалитIыр.

ЩIалэхэр къэкIуэжри, дадэм къажриIар яIуэтэжащ, «щауэ махуэ» кIаэрыфIищари дыщIагъуэжащ. Ар щыхэхахьм, щIалитIым аргуэру ирагъэзэжащ, «щауэ махуэм» кIинкIыр кIрагъэщIэну.

- Сыт иджыри фыкъыщIэкIуар? - къеупщIащ лIыжьыр щIалэхэм.

- Уэлэхьи, «щауэ махуэм» кIинкIыр зэдгъэщIэну аратэмэ.

- Унагъуэ щIыхукIэ ущауэ махуэщ, унагъуэ пщIыпэ бынунэ ухьумэ - утхьэмадэ махуэщ, сэ фыкъэхудэщ, - кIажриIащ дадэм.

- Ыхьы, иджы кIыдгурыIуащ дызэроджэн хуеяр - тхьэмадэ махуэщ.

- Афэрым, мис иджы адыгэбзэр зэвгъэщIащ, - кIынпыгуфIыкIащ дадэр.

●Къуажэхьэр

ЩIым и IэфIыр къыщIэзыш

◆ Уэнэльгульэщ, Iэмытхьэщ нысащIэ.

◆ Хаджьым сопIэрпи, къэб ныкIуэ солъагъу.

◆ ХьэкъущыкIу гъуаэнэщIанэ.

◆ ЦIыкIунитIэ ятIэ хэщ.

◆ ЩIым и IэфIыр къыщIэзыш, щэм и хужьыр къызэрыж, жьлэр зыгъэунэ, быныр къэзыгъатхэ.

Жъуанэ Мэз. Цыи-шыр. Хъ. Нартыхъ.

Жъуанэхэр:

Псалъэзэблэдз

***ИхъуреягъкIэкIыхьу*:** **1**. Анэкъилъху. **2**. Щыри - адэри и къуитIри - физикщ, щIэныгъэхэм я докторщ, КъБКъУ-м щрагъаджэ. **3**. КIыщокъуэ Алим и уэсэ щIэрыIуэ. **4**. Тоян зыплIытху къэзыщэм псэущхьэ. **5**.Пэжыгъэм и лъэужь зытелъ Iэгу Iуп пхъашэ. **6**. Пшэр, зи ныбэр къежьа. **7**. ЛIаухъстэнэм къыхэщIыкIа вакъэ пIащIэ. **8**. УэрэджьылакIуэ Iэзэ, министр. **9**. Зэрыджэгу хьэпшып. **10**. Пасэм адыгэм ящIу щыта зэхьхьэшхэу. **11**. Хэку зауэшхуэм лIыгъэ щIэзэрыхьэ адыгэ усакIуэ цIэрыIуэ. **12**. Жыг лъагэ. **13**. Даущышхуэ зымышI, щэху е жьажъ. **14**. Пауплщу ягъэгъужа удз. **15**. Зэпымыууэ уэсэ зытелъ бгы лъагэ. **16**. Шъхьэхъхьэ. **17**. ... пэтрэ мэулъий. **18**. Чнутlым нэгъуэщIу зэредж. **19**. ... кущIэ фо цIынэжIэ ягъэшхащ. **20**. МусIыныжи лъэпкъ. **21**. «Хьэжьгъэ ... закъуэ» - Щоджэнцыкiу Алий и рассказ. **22**. Iэщ. **24**. ПхъащIэ Iэмэпсымэ. **25**. Зэман кIыхькIэ уэшх къыщемышх лъэхъэнэ. **26**. ГъущI лъэпкъ, дыжьыныфэ-хужьыфэу. **27**. ПIастапхъэ. **28**. Гъавэ гъэтIылъыпIэ, хьумапIэ. **29**. ХьэщIэ лъапIэм хуаукI Iэщ. **30**. Псы инэ. **31**. Вакъэдым Iэмэпсымэ. **32**. Адыгэ цIыхубз уэрэджьIакIуэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артисткъ. **33**. Уафэм къех псыIагъэ. **34**. Дзэм къулыкъу щызыщIэ. **35**. Куэдырым щыщ. **36** . Зыкъом, зыбжанэ. **37**. «Улажьэмэ, ... пшынщ, умылажьэмэ, лажьэ бгъуэтынщ». **38**. «... щитхъуи щIэр къащто». **39**. Мусльымэн дин зыIыгъхэм я Iуэхущапльэ. **40**. Джэдум зэрыхуилъ псалъэ. **41**. Проклиндэ районым хиубыдэ адыгэ къуажэ. **42**. Ди республикэм щIэ псыежэх нэхь инхэм ящыщ. **43**. «... щыкъуэн и пщIыхьэгъуц». **44**. А унэцIэр зэрахьэ Урысей Федерацэм и цIыхубз артисткэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэм, апхуэдизу мылицэм хэта, уэрэд дахэ куэд зыIысам. **45**. ЯзынныкъуэкIэ къэкIыгъэхэм кIэмкIэ кулсэ, жьылэ къэзыщI. **46**. Хъэцэпэщэ къэкIыгъэ. **47**. Жьыр лIэужьыгъуэ. **48**. Китайм щекIуэкIа дунейпсо Олимпиадэм алидж-ыум бэнэкIэмкIэ дыщэ медаль къыщIэзыхьа адыгэ щIалэ. **49**. ЩIакхъуэ къызыхащIыкI. **50**. «ЛIы и къуэгъуэ ... и гъуррэ».

***Инуиткъа хIуэуэ*:** **2**. ГушыIэ, ауан хэлъу яутIыпщ псалъэ. **3**. Нэху щыгъуэ зэман. **4**. ХадэхэкI. **6**. Нало Заур и япэ Iэщ Iагъэу щытар. **8**. Рассказ, повесть, роман хуэдэхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIэ щIыху. **10**. Гъэсныпхъэ. **13**. «АдакъэщIэрэ ... пIастэрэ». **15**. Набдзэ ... . **17**. Дыщэм и плъыфэ. **20**. Губгъуэм къыщIрахьэлIэ гъавэр щызэтракIутэ щIыпIэ. **21**. ЩIхьэгъусэм и къуэш. **23**. Анэр абы хуагъадэ, адэр – дэм.

Гу зылъытапхъэ*:** ихъуреягъкIэ къэзыкIухь псалъэхэм зым и кIэухыр етIуанэм и щIэдзапIэщ. ***Щапхъэ: мэл - лэкъум.

Зэхэзыгъхьар
МыI Ахьмэдщ.

ФокIадэм и 6-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и мэзуапхэр:

***ЕкIуэкIыу*:** **5**. МафIэдз. **7**. Тубай. **9**. Куэт. **11**. «Зэрыдж». **12**. Ахэмин. **13**. «Зэхэльэт». **14**. ЕлгъэIэ. **16**. Гуэгъэн. **17**. «ПшэкIухь». **21**. Андэгурэ. **22**. Думэныщ. **25**. Тумэн. **27**. Дунан. **29**. Гъатхэ. **31**. «Къэгъэзэж». **33**. «Мазэгъуэ». **34** . Унапльэ. **35**. Тэн. **36**. Цыджан. **37**. ЛIьабгъуэ.

***Къэхьу*:** **1**. «Дамыгъэ». **2**. Хьэбзэ. **3**. Джулат. **4**. «Вагъуэбэ». **6**. Къэрэгъэш. **8**. Хьэблэ. **10** . Хьыдэждж. **15**. «Рэмэзан». **16**. «ГущагъкIагъ». **17**. Пэрыт. **18**. Хьеуан. **19**. Анэ. **20**. Быж. **23**. Умбэрэч. **24**. Дудакъ. **26**. Шхалъэ. **28**. Атэлыкъ. **30**. Алабгъуэ. **31**. Къэуал. **32**. Жумар.

Мылькум ныбжьэгъу иIэкъым

♦КъэхъукъащIэр зыщымыгъупщэжыр тхьэгурымагъуэщ.

♦ КъызыгурымыIуэмкIэ гъащIэр кIэщIми кIыхьми зжуэдэщ: купщIэнщIэщ.

♦ ПщыкIэщIыхьэм нэхъ пщэдджыжьыр нэхъ Iущщ жаIэ, арагъэнщ Iуэхур пщыкIэщIыхьэм щIалэжьыр.

♦ ЩIэжьIымэм кIыIуэр жьэм губзыгъагъэу кIыжьыдзэкIыжмэ, щхьэр мэлажьэ!

♦ Хьэулейм щхьэхуиту зыкъыщIыхъужьинкIэ мэхъу: щхьэгъэпщIагъэщ.

♦ Я нэхъ бзаджэр акъылым пэIэщIэщ.

♦ Iуэжу зимыиэзэр езыхьэжьэр акъылэ щхьэкIэ зокIуэ.

♦ Мылъкум ныбжьэгъу иIэкъым: е тепщэщ, е пщылIщ.

♦ Факъыпрэ щIыхуфIи, факъыпрэ щIыхъу Iен щыIэкъым: мылъкурэ къулыкъуэр IэщIэлъхьи, итIанэ жыпIэнщ.

♦ Гъунэгъу ди гугъэр зэрыжьжьэ, жьыжьэ къытфIэщIыр зэрыгъунэгъу.

♦ Зэман блэкIам укIуэщIрыпльыжьфмэ, къэкIуэнур хыбольагъуэ.

♦ Зэманыр зэрыбгъэкIуэну щIыкIэм ухунтщ, ауэ къыпхуэзэгъэуныIэркъым.

♦ КъэкIуэнур къэкIуэнум и дунейщ: араш зи зэман икIар щIэгурымыр.

●Жьыгъуэхэр

♦ПсэукIэжьым и щIэнибр дыхьэшхэнкъым: ар зи зэманыгъуэр икIа гъащIэщ.

♦Шахматым: пешкэр король фIэкIа зэрымыхъу фигурэ щыIэкъым, ауэ абыи мат хуегъэуври иту егъэзагъ.

♦ ГъащIэр уэзрыщымыгугъауэ къыщIэкIыжмэ, зыщIыпIэ ущыхэжеящ.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

●Си хэку - си уэрэд

Iуащхьэмахуэ лъапэ пэмыжьэу

Зи пщIэр льагэ «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцI

ФокIадэ маэзм илъэси 104-р ирокъу Дзэлыкъэжьуажэ (Абыкъуэхьэблэ) нобэ зэрыс щIыпIэм якъэзэритIысхьэрэ. Дэнэ сыщыIами, сыт хуэдэ Iэхъу сыспэмытами, сриугушхуэу кьанэркъым псэм щызгъафIэ си къуажэ лъапIэм, ешы Дзэлыкъуэ куейм зэрыщыту, тхыдэ хьэлэмэтыщэ зэрэпсэу. «псыхуабэ щэрджэ эх эр» жезыгъэIа, Урысей псом цIэрыIуэ щыхуа адыгэлIхэр а лъаэх дахащэм зэрыщыпсэуам.

ФокIадэ маэзм си гум нэхъри зыхецIэри, кьощIэрэщIэж, гупсысэм хэзыгъэхьу, Дзэлыкъуэкъуажэм кIыкIуа гьуэгуанэр: зэманым и Iэужьыкуиим хиубыдэу XVIII лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм Къэбэрдеим тедээн-тедээщу иIэпхъукIыу, Iуащхьэмахуэ лъапэ пэмыжьыкъэу бгы лъапэм зэрыкIэщIэсар, нужькIэурыс пащтыкъ Николай ЕтIуанэм и псалъэкIэ, Дзэлыкъуэщым щыщ кърату, и Хэкужьмк Къэбэрдеим кIыъэрIгъэзэкар.

Дзэлыкъуэкъуажэм теухуа усэр зэрыстхрэ ильэс зыбжанэ хъуащ, мыр гъэкIэщIауэ уэрэдуэ щыIэщ. «Псыхуабэ шэрджэсхэмкIэ» льэпкъ тхыдэм и лъэужьыкъуэ бгы льапэм зэрыкIэщIэсар, нужькIэурыс пащтыкъ Николай ЕтIуанэм и псалъэкIэ, Дзэлыкъуэщым щыщ кърату, и Хэкужьмк Къэбэрдеим кIыъэрIгъэзэкар.

Дзэлыкъуэкъуажэ

Псыхуабэ шэрджэсхэр

Зэман блэкIахэм уи тхыдэр пасэу
Къурш льапэм, льагэу къыщежьэу, кьок
Щууей бгъэшэсэ хэм, уи тхыдэм пащэу,
Льагъуэр гъуэгушхуэу къыпхуэзэуах.

Сыте тщ уи бкъэпэм зыпщызмыгъэнщIу,
Уи у эрэд гуапэр си гум ешэщI,
АдыгэлI къекIуу Хэкум и хьэщIэр
Къезыгъэблагъэ си адэ куэщI.

Псынащхьэ къабзэу си сабингъуэр
Уи псыхъуэм ибн щыдкэ гу кьысфIощI.
Ди нэхъыжьыфIхэр зэрыта губгъуэм,
Псэр игъэхуабэ у, Iэплъэ къыхъуещI.

Жылагъуэу щыIэм уэ урапльапIэу,
Си гущIэ гъусэу уэ укъыскъуэтщ,
Тхыдэм и гъэгуу кьэпкIу ар згъэльапIэу,
ГуфIэгъэ уэхъуэр уэ пхузоIэт.

Гугъэр я гъуазэу, лIыгъэр я пщальэу,
Махуэщ э нуркIэ пежьэу пщэдейм.
Хамыгъэхуну уэ уи зы налъэ,
ЩIэблэу къыпщIэхъуэр тетынщ дунейм.

Псыхуабэ шэрджэсхэр жезыгъэIэ адыгэхэр
Дзэлыкъуэ ущыIалъэм зы зэман щыпсэуащ,
Iэужьу яIахэр - уахьтыншэ хьуа тхыгъэхэр
Льэужь мыкIуэдыжу ди нобэм къэсащ.

Поджэжыр Балькъыжьыр Къуэдзокъуэ
Лэкъуэмэным,
Нэгумэхэ Шорэ, Къэшэжкэ ТIалиб...
Зэманым пхырыкIыу, пхырыплъу
кьэкIуэнум,
Псыхуабэ шэрджэсхэр льэпкъ гущIэм щолыб.

Уэрэдэхэр хуаусырт псыхуабэ шэр джэсхэм,
ЛIэщIыгъуэм и бжаблэм иратэрт я щIыхь,
Адыгэм и лIыгъэм щIэгъэнщIэр щу гъусэ
Хуэхъуныи я гъащIэр ныхуащIт щхьэуэзыхь.

Щопсэу ДзэлыкъуэщIу адэжьхэм я льаэхэм
Псыхуабэ шэрджэсхэр, зидзауэ я кьуэпс,
Нарт хэку Къэбэрдейр я цIыхугъэм дэлъаг эу,
Я тхыдэм хуэфащэ у, пщэдейм зых угъэпс.

●Си хэку - си уэрэд

Борисрэ Дусэрэ

Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм щыщ Пекъуэ Борисрэ Дусэрэ зэрыузэдэпсэуэрэ нобэ ильэс 50 ирокъу. Бынитху зэдзыпIа, къуэрылъху-пхъурылъхуэм я адэшхуэ-анэшхуэ Борисрэ Дусэрэ насыпыфIэщ, унагъуэм я щапхъэщ.

ЦIыхум ягу ихуэзэринэр уи IуэхушIафэрщ, уи цIыхугъэмрэ хьэлэгъэшмрэщ, пэжыгъэрщ. Ильэс 30-м щIигъукIэ Налшык дэт ДСУ-1-м шоферу щылэжьащ Борис, зыхэт гупым пщIэ къыхуащIу, фIыуэ къалъагъуу, нобэми ящыгъэщIэркъым. Дусэ къуажэ библиотекэм и унафэщIу, къуажэ Советым и депутату, Советым и унафэщым и къуэдзэу лэжьащ. ТIури лэжьыгъэм и ветеранщ.

Пекъу зэщхьэгъусэхэм бынитху зэдапIащ - къуитIрэ пхъунщIрэ - Мартин, Латмир, Ларисэ, Сусанэ, Оксанэ. ЗэдэлъхуэзэщIыпхъухэр унагъуэ дахэу, насыпыфIэу, зэрыжьаIэу, ящIэнрэ ящхынрэ ягъэуэту мэпсэу.

Нобэ зи махуэшхуэр зыгъэльапIэ, пщIэ зыхуэтщI, фIыуэ тльагъу Борисрэ Дусэрэ дыныводхъуэхъу узынщагъэр ди Iэпэгъуэу, фи дунейр нэхурэ гуауэм фыпIэIэщIэу, дэрэжэгъуэмрэ гуфIэгъуэмрэ фи бэу, фызэкъэтрэ гъащIэм гу щыфхуэу фи щIэлъэм итъэк уэдкIэ фащхьэщытыну.

Ажэгъуейхэ Хьэлимэт, Хьэмидбий, Залинэ, Самирэ цIыкIу.

Зеикъуэ къуажэм щыпсэу Унэж Хьэбил и къуэ Щамилрэ итхъу Маринэрэ къыщалъхуа махуэхэр ягъэльапIэ. Щамил и ныбжьыр илъэси 5, Маринэ илъэси 3 зэрыхъумкIэ дохъуэхъу

Ди щIалэ, ди хъыджэбз гъэфIэн цIыкIуэх, фи узынщагъэр быдзу, фи насыпыр ину, фи акъылыр кууэу, дуней дахэм фыдзобжьыдфIэну, нэхъыжьым пщIэ яхуэфщIу, нэхъыщIэм фращапхъэу, адыгэ лъэпкъыр фэркIэ гушхуэу, ехьулIэныгъэ инхэр зыIэрыгъэхьэну, гъащIэ дахэ икIи купщIафIэ ефхьэкIыну Тхьэм жиIэ!

Фи адэшхуэ шыпхъу Къэрмокъуэ ФатIимэт, фи адэшхуэ-анэшхуэхэу Залымкъанэ Нэфсуэрэ, фи адэ къуэш Хьэмид, фи адэ шыпхъухэр.

Псалъэзэблэдз

***ИхъуреягъкIэ кIыкIухьу*:** **1**. Анэкъилъху. **2**. Щыри - адэри и къуитIри - физикщ, щIэныгъэхэм я докторщ, КъБКъУ-м щрагъаджэ. **3**. КIыщокъуэ Алим и уэсэ щIэрыIуэ. **4**. Тоян зыплIытху къэзыщэм псэущхьэ. **5**.Пэжыгъэм и лъэужь зытелъ Iэгу Iуп пхъашэ. **6**. Пшэр, зи ныбэр къежьа. **7**. ЛIаухъстэнэм къыхэщIыкIа вакъэ пIащIэ. **8**. УэрэджьылакIуэ Iэзэ, министр. **9**. Зэрыджэгу хьэпшып. **10**. Пасэм адыгэм ящIу щыта зэхьхьэшхэу. **11**. Хэку зауэшхуэм лIыгъэ щIэзэрыхьэ адыгэ усакIуэ цIэрыIуэ. **12**. Жыг лъагэ. **13**. Даущышхуэ зымышI, щэху е жьажъ. **14**. Пауплщу ягъэгъужа удз. **15**. Зэпымыууэ уэсэ зытелъ бгы лъагэ. **16**. Шъхьэхъхьэ. **17**. ... пэтрэ мэулъий. **18**. Чнутlым нэгъуэщIу зэредж. **19**. ... кущIэ фо цIынэжIэ ягъэшхащ. **20**. МусIыныжи лъэпкъ. **21**. «Хьэжьгъэ ... закъуэ» - Щоджэнцыкiу Алий и рассказ. **22**. Iэщ. **24**. ПхъащIэ Iэмэпсымэ. **25**. Зэман кIыхькIэ уэшх къыщемышх лъэхъэнэ. **26**. ГъущI лъэпкъ, дыжьыныфэ-хужьыфэу. **27**. ПIастапхъэ. **28**. Гъавэ гъэтIылъыпIэ, хьумапIэ. **29**. ХьэщIэ лъапIэм хуаукI Iэщ. **30**. Псы инэ. **31**. Вакъэдым Iэмэпсымэ. **32**. Адыгэ цIыхубз уэрэджьIакIуэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артисткъ. **33**. Уафэм къех псыIагъэ. **34**. Дзэм къулыкъу щызыщIэ. **35**. Куэдырым щыщ. **36** . Зыкъом, зыбжанэ. **37**. «Улажьэмэ, ... пшынщ, умылажьэмэ, лажьэ бгъуэтынщ». **38**. «... щитхъуи щIэр къащто». **39**. Мусльымэн дин зыIыгъхэм я Iуэхущапльэ. **40**. Джэдум зэрыхуилъ псалъэ. **41**. Проклиндэ районым хиубыдэ адыгэ къуажэ. **42**. Ди республикэм щIэ псыежэх нэхь инхэм ящыщ. **43**. «... щыкъуэн и пщIыхьэгъуц». **44**. А унэцIэр зэрахьэ Урысей Федерацэм и цIыхубз артисткэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэм, апхуэдизу мылицэм хэта, уэрэд дахэ куэд зыIысам. **45**. ЯзынныкъуэкIэ къэкIыгъэхэм кIэмкIэ кулсэ, жьылэ къэзыщI. **46**. Хъэцэпэщэ къэкIыгъэ. **47**. Жьыр лIэужьыгъуэ. **48**. Китайм щекIуэкIа дунейпсо Олимпиадэм алидж-ыум бэнэкIэмкIэ дыщэ медаль къыщIэзыхьа адыгэ щIалэ. **49**. ЩIакхъуэ къызыхащIыкI. **50**. «ЛIы и къуэгъуэ ... и гъуррэ».

***Инуиткъа хIуэуэ*:** **2**. ГушыIэ, ауан хэлъу яутIыпщ псалъэ. **3**. Нэху щыгъуэ зэман. **4**. ХадэхэкI. **6**. Нало Заур и япэ Iэщ Iагъэу щытар. **8**. Рассказ, повесть, роман хуэдэхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIэ щIыху. **10**. Гъэсныпхъэ. **13**. «АдакъэщIэрэ ... пIастэрэ». **15**. Набдзэ ... . **17**. Дыщэм и плъыфэ. **20**. Губгъуэм къыщIрахьэлIэ гъавэр щызэтракIутэ щIыпIэ. **21**. ЩIхьэгъусэм и къуэш. **23**. Анэр абы хуагъадэ, адэр – дэм.

Гу зылъытапхъэ*:** ихъуреягъкIэ къэзыкIухь псалъэхэм зым и кIэухыр етIуанэм и щIэдзапIэщ. ***Щапхъэ: мэл - лэкъум.

Зэхэзыгъхьар
МыI Ахьмэдщ.

ФокIадэм и 6-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и мэзуапхэр:

***ЕкIуэкIыу*:** **5**. МафIэдз. **7**. Тубай. **9**. Куэт. **11**. «Зэрыдж». **12**. Ахэмин. **13**. «Зэхэльэт». **14**. ЕлгъэIэ. **16**. Гуэгъэн. **17**. «ПшэкIухь». **21**. Андэгурэ. **22**. Думэныщ. **25**. Тумэн. **27**. Дунан. **29**. Гъатхэ. **31**. «Къэгъэзэж». **33**. «Мазэгъуэ». **34** . Унапльэ. **35**. Тэн. **36**. Цыджан. **37**. ЛIьабгъуэ.

***Къэхьу*:** **1**. «Дамыгъэ». **2**. Хьэбзэ. **3**. Джулат. **4**. «Вагъуэбэ». **6**. Къэрэгъэш. **8**. Хьэблэ. **10** . Хьыдэждж. **15**. «Рэмэзан». **16**. «ГущагъкIагъ». **17**. Пэрыт. **18**. Хьеуан. **19**. Анэ. **20**. Быж. **23**. Умбэрэч. **24**. Дудакъ. **26**. Шхалъэ. **28**. Атэлыкъ. **30**. Алабгъуэ. **31**. Къэуал. **32**. Жумар.

●Хъуэхъуэр

Борисрэ Дусэрэ

Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм щыщ Пекъуэ Борисрэ Дусэрэ зэрыузэдэпсэуэрэ нобэ ильэс 50 ирокъу. Бынитху зэдзыпIа, къуэрылъху-пхъурылъхуэм я адэшхуэ-анэшхуэ Борисрэ Дусэрэ насыпыфIэщ, унагъуэм я щапхъэщ.

ЦIыхум ягу ихуэзэринэр уи IуэхушIафэрщ, уи цIыхугъэмрэ хьэлэгъэшмрэщ, пэжыгъэрщ. Ильэс 30-м щIигъукIэ Налшык дэт ДСУ-1-м шоферу щылэжьащ Борис, зыхэт гупым пщIэ къыхуащIу, фIыуэ къалъагъуу, нобэми ящыгъэщIэркъым. Дусэ къуажэм библиотекэм и унафэщIу, къуажэ Советым и депутату, Советым и унафэщым и къуэдзэу лэжьащ. ТIури лэжьыгъэм и ветеранщ.

Пекъу зэщхьэгъусэхэм бынитху зэдапIащ - къуитIрэ пхъунщIрэ - Мартин, Латмир, Ларисэ, Сусанэ, Оксанэ. ЗэдэлъхуэзэщIыпхъухэр унагъуэ дахэу, насыпыфIэу, зэрыжьаIэу, ящIэнрэ ящхынрэ ягъэуэту мэпсэу.

Нобэ зи махуэшхуэр зыгъэльапIэ, пщIэ зыхуэтщI, фIыуэ тльагъу Борисрэ Дусэрэ дыныводхъуэхъу узынщагъэр ди Iэпэгъуэу, фи дунейр нэхурэ гуауэм фыпIэIэщIэу, дэрэжэгъуэмрэ гуфIэгъуэмрэ фи бэу, фызэкъэтрэ гъащIэм гу щыфхуэу фи щIэлъэм итъэк уэдкIэ фащхьэщытыну.

Ажэгъуейхэ Хьэлимэт, Хьэмидбий, Залинэ, Самирэ цIыкIу.

Зеикъуэ къуажэм щыпсэу Унэж Хьэбил и къуэ Щамилрэ итхъу Маринэрэ къыщалъхуа махуэхэр ягъэльапIэ. Щамил и ныбжьыр илъэси 5, Маринэ илъэси 3 зэрыхъумкIэ дохъуэхъу

Ди щIалэ, ди хъыджэбз гъэфIэн цIыкIуэх, фи узынщагъэр быдзу, фи насыпыр ину, фи акъылыр кууэу, дуней дахэм фыдзобжьыдфIэну, нэхъыжьым пщIэ яхуэфщIу, нэхъыщIэм фращапхъэу, адыгэ лъэпкъыр фэркIэ гушхуэу, ехьулIэныгъэ инхэр зыIэрыгъэхьэну, гъащIэ дахэ икIи купщIафIэ ефхьэкIыну Тхьэм жиIэ!

Фи адэшхуэ шыпхъу Къэрмокъуэ ФатIимэт, фи адэшхуэ-анэшхуэхэу Залымкъанэ Нэфсуэрэ, фи адэ къуэш Хьэмид, фи адэ шыпхъухэр.

●Джэгукiэхэр

КIэлътырыгу

ЗЫ МЫВЭ е пхъэ тыкъыр ягъэтIылъри, абы зэпрыууэ пхъэбгъу кIэпэ (зы метр хуэдиз я кIыхьагъыу) трапъхьэ. Пхъэбгъум и зы кIапэр щIым юуэсэ, адрейр кьотIей. Джэгуу хъуам я чымпэ зырыз щIым телъ лъэныкъэмкIэ трапъхьэ. Иджы кIэлътыпырыгум и хъумакIуэу зы хах, пхъэидзэкIэ е зэпабжэрэ. Абы кIэлътырыгур хуэрейуэ кьижьхьурэ зыри кьригъэIуэркъым. АршхьэкIэ мыдрей джэгухэм ар ягъэбзэгрыгъыу кIэлътыпырыгум и кьэтIей лъэныкъуэм тепкIэу чымпэхэр драхуеину хэтщ.

КIэлътырыгур зыхъумэм зыгуэр кьиуЗмэ (кIэлътырыгум иримыгъэIусэIауэ), а хъумакIуэр джэгуэм яхьхьэри, кьиуIар хъумакIуэ мэхъу. КIэлъ тырыгу кIапэм зыгуэр тепкIэрэ чымпэ хэр ирикъухьамэ, хъумакIуэм ахэр кьищIыпIыжу пхъэбгъу кIапэм трипъхьэкъыкIэ, хэт пIаIэкIэ, хэти IэгукIэ кьоуэхэр, кьыкIэщIопIаскIуэ, кьоIунщIри ягъэджалэ, сыт ящIэми, ахэр зэхуэмарыгъэ зэхьсыжьну зэран кьыхуохьу, ауэ чымпэ псори тримычъхьажауэ кIэлътырыгум зыри тепкIэркъым.

МАФIЭДЗ Сэрэбий.
1994 гъэ.

●Псалъэжьхэр

БлэкIам укIэльыдыжэ

◆ Акъыл зиIэр еджэнкIэ ирикъуркъым.

◆ Ахъшэ мыбж зэIэпахыркъым.

Зезыхьэм ещхьу

Къуулыкъумрэ къуулыкъущIэмрэ. Куэдрэ куэд тепсэлъыхьу зэхьдох а тIум я зэхуэфащэ-зэхуэмыфащэм. Нэхьыбэм жаIэ къуулыкъур зыубыдам хуэмыфащэу, имыIэнатIэу - зэхуэмыхьуу а тIур.

Пэжщ, сэри сыарэзыщ абыкIэ, кьохьу апхуэдэуи. Ауэ щIэх дыдэу зэхуохьуж. Зызыхьэуэжыр лэжьапIэ IэнатIэращ - зезыхьэм ещхьу мэхъу. Я нэхъ IэнатIэ мыхьэнэншэу кьыпфIэщIми пщIэ игъэутынущ, зи Iэмыщ Iэ илъым пщIэ иIэмэ. Ауэ я нэхъ IэнатIэ узэхъуэпсэнури зыми щымыщыжу кьэнэнущ, зыIэрыхьар мыхьэнэншэмэ.

Ирикъуа щыIэ?

Къэралъ унафэщIхэм телевизоркIэ жаIэу зэхэхаш: «Хабзэхъуэмэхэр зыхэлэлу лэжьэн, Iутхьэ Iамыхьын щхьэкIэ я улахъэм яхуэхъэуэн хуейщ».

Ирикъуэмэ, Iебэжьнкъым, жьхуаIэщ. Хьы, ирикъуа щыIэ? Абыхэм апхуэдэу жаIэнтэкъым, Мэлэчыпхъу и чысэм теухуа ди хьабарым щыгъуазэу щытамэ.

Iуэхутхьбзэр щыIуэхутхьбзэр

Мыбы зыщIыпIэ сыкъыщеджащ ... ГъукIэ гуэрым и Iэр пауплщыну къулейм кьрегъэл, ахъшэшхуэ хущIэтри. ГъукIэ тхьэмыщкIэр гуфIэнтэкъэ, гуфIащ, фIыщIэхуэ хуищIащ.

Абыи къыщIуувыIаскъым - а Iуэхутхьбзэщхуэ кьыхуэзыщIам игъащIэ псокIэ хуэлIыщIэну евэлIащ.

АрщхьэкIэ къулеизжьым и жьэжьыр мыувыIэу кърихъуэнжьырт: «Уи Iэр пауплщIыну кьезгъэлащ, сэр мыхъуамэ, уэ уIэшэт!»

КьыпхуащIар мыувыIэу къуаудэкIыжьын нэхъ IэI сыт щыIэ, гъукIэм, щыхуэмыхьыжьым, абы и жьэр иригъэубыдащ - и Iэ кьригъэлар еуэри пиупщIыжащ.

Мыбдежьым сэри сигу къэкIыжащ IэжьапIэ сызыIутымкIэ кьыщыхсуащIа Iуэхутхьбзэр мыувыIэу кьыззрызаIуэкIыжьыр. ИкIи, мо сызэджари си щхьэкIэ сэ сэзым згъэунэхуари зы щыхсухъэжьым, хьэкъыу мыр спхьыкIащ: Iуэхутхьбзэр щыIуэхутхьбзэр ар кьыпхуэзыщIам кьынихъэныжьхущ. КьуихъуэныжькъэжъэкIэ - кIуэдыжащ!

Си псэ

«Си псэ!» - жыIэрт сэ уэ щхьэкIэ. Си гугъэжт, пэж дыдэу, уэрауэ си псэр. АршхьэкIэ уэратэкъым, лъагъунагъэрат си псэр. Ар сэ кьыщыгъуIужар уи дежьэ а лъагъунагъэр щызымыгъуотыж хьуа нэужьщ.

ХЬЭХ Сэфарбий.

●Си хъуреягъкIэ

Iуащхьэмахуэ лъапэ пэмыжьэу

Псыхуабэ шэрджэсхэр жезыгъэIэ адыгэхэр
Дзэлыкъуэ ущыIалъэм зы зэман щыпсэуащ,
Iэужьу яIахэр - уахьтыншэ хьуа тхыгъэхэр
Льэужь мыкIуэдыжу ди нобэм къэсащ.

Поджэжыр Балькъыжьыр Къуэдзокъуэ
Лэкъуэмэным,
Нэгумэхэ Шорэ, Къэшэжкэ ТIалиб...
Зэманым пхырыкIыу, пхырыплъу
кьэкIуэнум,
Псыхуабэ шэрджэсхэр льэпкъ гущIэм щолыб.

Уэрэдэхэр хуаусырт псыхуабэ шэр джэсхэм,
ЛIэщIыгъуэм и бжаблэм иратэрт я щIыхь,
Адыгэм и лIыгъэм щIэгъэнщIэр щу гъусэ
Хуэхъуныи я гъащIэр ныхуащIт щхьэуэзыхь.

Щопсэу ДзэлыкъуэщIу адэжьхэм я льаэхэм
Псыхуабэ шэрджэсхэр, зидзауэ я кьуэпс,
Нарт хэку Къэбэрдейр я цIыхугъэм дэлъаг эу,
Я тхыдэм хуэфащэ у, пщэдейм зых угъэпс.

●Псалъэжьхэр

БлэкIам укIэльыдыжэ

◆ Акъыл зиIэр еджэнкIэ ирикъуркъым.

◆ Ахъшэ мыбж зэIэпахыркъым.

Зезыхьэм ещхьу

Къуулыкъумрэ къуулыкъущIэмрэ. Куэдрэ куэд тепсэлъыхьу зэхьдох а тIум я зэхуэфащэ-зэхуэмыфащэм. Нэхьыбэм жаIэ къуулыкъур зыубыдам хуэмыфащэу, имыIэнатIэу - зэхуэмыхьуу а тIур.

Пэжщ, сэри сыарэзыщ абыкIэ, кьохьу апхуэдэуи. Ауэ щIэх дыдэу зэхуохьуж. Зызыхьэуэжыр лэжьапIэ IэнатIэращ - зезыхьэм ещхьу мэхъу. Я нэхъ IэнатIэ мыхьэнэншэу кьыпфIэщIми пщIэ игъэутынущ, зи Iэмыщ Iэ илъым пщIэ иIэмэ. Ауэ я нэхъ IэнатIэ узэхъуэпсэнури зыми щымыщыжу кьэнэ